**Якубов М.А., Абаев С.А.**

# Мәнәўият ҳәм идеология күш-қуўат дереги

***(Президент Ислам Кәримовтың шығармалары тийкарында)***

Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 2011

**Жоқары мәнәўиятқа ийе болған халық ҳеш кимге ҳеш қашан қарам болмайды, өзиниң әдиўли мақсетлерине әлбетте жетеди.**

**Әлбетте экономиканың да, басқа салаларынында жәмийетимизде өз орны бар. Лекин миллий идея, миллий идеология мәселеси биз ушын айтатуғын болсақ, тиришилик - өлим мәселесидур.**

***И.Каримов***

## Кирисиў

Ғәрезсизликке ерисиў халқымыз өмиринде уллы тарийхый ўақыя болды. Халқымыздың мың жыллар даўамында әрман етип келген арзыў-үмитлери, уллы ойшылларымыз ҳәм сиясий искерлеримиз болжаған ой-пикирлер әмелге асты. Бул, әлбетте, өз-өзинен болған жоқ. Президентимиз Ислам Каримов жәмийет раўажланыўының ишки нызамлықларын терең тусине отырып экономика, сиясат, мәнәўият, миллий идея ҳәм миллий идеология мәселелерин бир пүтинликте қарады. Бул қубылыслардың диалектикалық өз-ара бирлигине айрықша итибар берип журтбасшымыз былай деген еди. «Егер экономикалық өсиў, раўажланыў жәмийеттиң денеси болса, мәнәўият, мәрипет ҳәм сиясий сананың жетиклиги оның руўҳы, ақылы, жаны болады».[1] Жаҳан тарийхында қайсы мәмлекетте мәнәўий-идеологиялық жумыслар жақсы жолға қойылған болса, адамлардың мәнәўияты жоқары, сана-сезимлери жетик болса, сол жерде табыслы алға илгерилеўлер болған. Демек, ҳәр қандай мәмлекет өзиниң алға қойған уллы мақсетлерине ерисиў ушын халқының тарийхый қәлиплескен мәнәўиятына, анық ҳәм айдын баян етилген иделогиясына тийкарланып өзиниң ишки ҳәм сыртқы сиясатын, экономикалық, социаллық, мәнәўий-мәрипий салалардағы ўазыйпаларын белгилеп алыўы зәрүр. Қүдиретли мәмлекет күшли мәнәўият негизинде қәлиплеседи. Мәнәўияттың баслы қурам бөлеги миллий идея ҳәм идеология болып табылады. Олар арқалы миллеттиң, жәмийеттиң, мәмлекеттиң раўажланыў жолы, алда турған мақсетлери белгиленеди. Ата-бабаларымыз бул тарийхый ҳақыйқатлықты дурыс түсинген. Уллы бабамыз Амир Темурдың Ўатанымызды азатлыққа еристирип, қүдиретли мәмлекет, әдалатлы жәмийет дүзиўиниң баслы себеби, ол халықтың мәнәўий дүньясын, әдиўли идеяларын өзинде сәўлелендирген ҳәртәреплеме тийкарланған дәстүрлик режелерге ийе болған, адамларымызда оларға беккем руўхый исеним пайда ете алғанлығында болып табылады.

Расында да, Президентимиз айтқанындай, «жоқары мәнәўият неше әсирлерден бери бизди не-не бәле бетерлерден, топан ҳәм боранлардан аман-есен сақлап келмекте».[2]

Соның ушында, Президентимиз бул мәселеге айрықша әҳмийет берип келмекте. Миллий мәнәўиятты тиклеў, сол тийкарда миллий идеологияны қәлиплестириў ҳәм турмыста әмелге асырыў мәселелери оның фундаменталь мийнетлеринде ҳәм баянатларында ҳәр тәреплеме исленип шығылған. Бул илимий дөретпелери ҳәм әмелий искерлиги арқалы Президентимиз Ислам Каримов мәнәўият, миллий идея ҳәм миллий идеология машқалалары бойынша атақлы теоретик-алым, өз идеяларын әмелиятқа асырыўшы атақлы мәмлекетлик ғайраткер сыпатында пүткил дүньяға танылды.

Қолыңыздағы китапшада Президентимиз Ислам Каримовтың миллий мәнәўият, миллий идея ҳәм миллий идеология мәселелерине арналған шығармаларының мәнис-мазмуны ҳәм әҳмийети, бул салада ғәрезсизлик шарапаты менен әмелге асырылған илажлар туўралы қысқаша сөз етиледи.

---

[1] И. Каримов. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Асарлар, 2-том, Т., «Ўзбекистон», 1996, 199-бет.
[2] И. Каримов. Юксак маънавият-енгилмас куч. Т., «Маънавият», 2008, 7-бет.

## 1. Президент Ислам Кәримов ғәрезсиз Өзбекстанды раўажландырыўда миллий мәнәўий тиклениўдиң роли ҳаққында

Дүньялық цивилизацияның басып өткен жолы ҳәм халқымыздың оғада бай тарийхы мәнәўий, мәрипий ҳәм идеологиялық мәселелерди шешпей турып алға қойылған уллы мақсетлерге ерисиў мүмкин емеслигин айқын дәлиллеп көрсетти. Бул тарийхый объектив шынлықты Президентимиз Ислам Кәримов оғада терең түсине отырып, Өзбекстан басшылығына келгеннен баслап мәнәўият мәселесине айрықша итибар берди. Оның терең исеними бойынша мәнәўият болмаса ғәрезсизликте жоқ, раўажланыўда жоқ, бахытлылықта жоқ, адамларда ийман-исенимде, диянатта, елде адалатта болмайды, адамларда Ўатан ҳәм еркинлик сезимлериде қәлиплеспейди. Журтбасшымыз мәнәўият түсинигин халқымыздың болмысын, күнделикли турмысын ҳәм келешегин белгилейтуғын оғада әҳимийетли қубылыс сыпатында ортаға қойды, өз шығармаларында миллий ғәрезсизлик, мәнәўият, мәрипет, экономика, миллий мәмлекетшиликти бир пүтинликте қарап келмекте.

Мәнәўият мәселелерине буншама дыққат берилиўиниң баслы себеби соннан ибарат, сонғы 120 жылдан артық дәўирде халқымыздың мәнәўияты аяқ астына бастырылды, қорланды ҳәм кемситилди. Патша Россиясы ҳәм советлик админстративлик-бюрократиялық дүзим әстелик пенен мәнәўиятымызды, мәдениятымызды, тырмыс тәризимизди, бир сөз бенен айтқанда, миллий өзлигимизди умыттырыўға қаратылған мәдений колониализм сиясатын алып барды. Тарийхтан белгили, әййемги заманларда ақ бир мәмлекет екиншисин басып алмақшы ҳәм өзине ғәрезли, бағынышлы етпекши болса, ол елдиң халқының мәнәўиятын, мәдениятын, тилин ҳәм әдебиятын пүткиллей жоқ етиўге ҳәрекет қылған. Патша Россиясының Туркистан үлкесиндеги дәслепки генерал губернаторларынан бири М. Скобелев дәл усындай пикир жүргизген ҳәм патшаға усы тақлетте жумыс алып барыў туўралы усыныслар берген. Рус колониалық басқарыў администрациясы бул бағдардағы жумысларды дәслептен ақ баслап жиберген еди. Президентимиз атап көрсеткениндей, советлик тоталитарлық дүзимде де өз халқының тарийхын, мәнаўиятын ҳәм үрип-әдетлерин, өзиниң ата-бабаларын билмейтуғын мәнгуртларды таярлаў жолы менен жүрди.

Сонлықтан, ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап Президентимиздиң басшылығында миллий мәнәўиятымызды қайта тиклеўге айрықша итибар берилди, мәнәўий жумыслар мәмлекетлик сиясаттың үстинликке ийе бағдары деп жарияланды. Елимизде демократиялық жәмийетти қурыў, миллий мәмлекетшиликти тиклеў иси усыған тиккелей байланыслы екенлиги ҳәр тәреплеме көрсетип берилди.

Расында да, бир жәмийетлик қатнасықлар системасынан екиншисине өтиў, адамлар арасындағы жаңаша қатнасықларды, олардың жаңаша ой пикирин, дүньяға көз қарасын қәлиплестириў хеш ўақытта да аңсат кешпеген, бунындай сапалық өзгерислер әмелге асқан барлық еллерде де ол оғада қурамалы машқалаларды шешиўди талап еткен. Бул тарийхый процесс даўамында халықлар өз басларынан табыслар менен бирге қыйыншылықларды өткерген, гейде апатшылықлар ҳәм жоғалтыўларға да дус келеген, бирақ көп нәрсе елдиң басшыларына байланыслы болған. Басында дана басшы турған халықлар ең кем шығынлар менен мақсетке ерискенлигин дүньялық тарийх айқын дәлиллеп турыпты.

Бундай ел басшысы мәмлекетти раўажландырыўдың илимий тийкарланған концепциясына, ондағы идеяларды реал турмыста әмелге асырыў бойынша конкрет режелерине ийе болыўы лазым. Бул пикирлеримиздиң дурыслығына Өзбекстан халықларының тарийхы айқын дәлиллер бере алады.

XX әсирдиң 80 жылларының ақыры 90 жыллардың бас гезинде халқымыздың ғәрезсизлик ушын гүреси жаңа басқышқа көтерилди. Ғәрезсизлик идеясы тек арзыў арман ғана емес, ал реал материаллық күшке айлана баслады. Бул жыллар Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халықларының тарийхында оғада қурамалы, ҳәр қыйлы қарсылықлар ҳәм шешилмеген машқалалар араласып ҳәм шийеленисип кеткен, олар советлик орайдың

зорлық-зомбылықлары менен ушласып атырған дәўир еди. Ислам Кәримов халқымыз мине усындай жағдайды бастан кеширип атырған ўақытлары Өзбекстан басшылығына келди – сол дәўирдеги ең биийк лаўазым болған Өзбекстан Компартиясы Орайлық Комитетиниң биринши секретары болып 1989 жыл 23 июньде сайланды. Ислам Кәримовтың журтымыздың тәғдири шешилип атырған жыллары елимиз басшылығына келиўи халқымыздың бахты, Алланың бизге берген уллы инаяты болды.

Ислам Кәримов басшы болып сайланған күни-ақ өзиниң тутқан жолын анық баян етти. Мәмлекетимизди кризислик жағдайдан шығарыў, турақлы раўажланыўды ҳәм миллетлер аралық татыўлықты тәмийинлеў баслы ўазыйпа екенлигин көрсетиў менен бирге, бул мәселелерди шешиўдиң зәрүрли шәрти сыпатында мәдений мийрас ҳәм тарийхый шынлықты, миллий үрип-әдетлер ҳәм дәстүрлерди қайта тиклеў ҳәм раўажландырыў кереклигин, ислам динине жоқары мәнәўиятты тәрбиялаў қуралы сыпатында қараў зәрүрлигин ашық түрде айтты. Демек, Ислам Кәримов ең дәслептен-ақ мәнәўияттың жәмийеттеги ролин дурыс түсинди, миллий мәнәўиятымызды тиклеў ҳәм оған тийкарланыў арқалы мәмлекетимиздиң жолын белгилеў сиясатын таңлап алды.

Орайдың қарсылығына қарамастан, аўқамлас республикалар ишинде биринши болып Өзбекстанда Президентлик лаўазым енгизилди. Бул халқымыздың тарийхында уллы ўақыя болып, бул илаждың ғәрезсизликке ерисиўде шешиўши роль атқарғанлығының ҳәммемиз гуўасымыз. 1990 жыл 24 мартта болған он екинши шақырық Өзбекстан Республикасының Жоқары Советиниң биринши сессиясында Президентлик лаўазымы енгизилди ҳәм Өзбекстан Республикасының  биринши Призиденти болып Ислам Кәримов сайланды. Сол сессияда Президент сыпатында биринши сөйлеген сөзи баспасөзде **“Мәнәўий қәдириятларымыз – миллий мақтанышымыз”** деген ат пенен басылды, буның өзи-ақ Президентимиздиң биринши қәдеминиң мәнәўий - мәрипий машқалаларға айрықша дыққат бериўден басланғанлығын көрсетип турыпты. “Президент жумысының әҳмийетли ўазыйпаларының бири, - деп атап көрсетти Ислам Кәримов сол сессиядағы сөйлеген сөзинде, - халықты мәнәўий жетилистириў, инсанды әдеп-икрамлық ҳәм мәнәўий жетилистириўден ибарат”.[3] Еле советлик тоталитар дүзим ҳәкимшилик етип турған дәўирде-ақ, Президентимиз ашық түрде оғада бай миллий мәнәўиятымыз бенен, улыўма инсаный мәнәўий қәдириятлар менен есапласыўшылықтың жәмийетимизге қәншелли зыян келтиргенлигин, бул кемшиликлерди дүзетиў ушын күтә үлкен мийнет етиўимиз кереклигин айрықша атап көрсетти. Биринши гезекте, миллий мәдениятымызға, халқымыздың мәнәўий байлығының тамырларына, халқымыз мың жыллар даўамында топлаған бул мәнәўий қәдириятларға айрықша дыққат аўдарып, оларды көздиң қарашығындай етип қәдирлеўимиз ҳәм байытыўымыз, әмелде ҳүждан еркинлигин, исеним еркинлигин тәмийинлеўимиз зәрүр. “Бул ғәзийне, - деди Президентимиз өз сөзинде, - әсирлер даўамында мысқаллап жыйналған. Тарийхтың не бир сынаўларынан өткен. Инсанларға аўыр пайытларда мәдет болған… Мен Президент сыпатында адамлардың мәнәўий тәрбиясы, тынышлық ҳәм қайырлы ислери мақсетинде ҳәркет етип турған ҳәр бир адамды қоллап қуўатлайман. Оның менен бирге ислесемен”.[4] Президент өз сөзинде мәнәўият, мәдeният, билимлендириў, дене тәрбиясы ҳәм спорт ислери салаларына, оларда ислеўши кадрларға ғамхорлық етиўге. Әсиресе, жаслар тәрбиясын ең әҳмийетли ўазыйпа деп есаплады. “Өйткени жасалар халық мәнәўиятының ҳәм өними, ҳәм келешеги”.[5] Олар мәнәўиятимиздиң ҳақыйқый ийелери, жаслар тәрбиясына ҳеш нәрсени аямаўымыз керек.

Президент Ислам Кәримовтың буннан кейинги барлық баянатларында ҳам шығып сөйлеген сөзлеринде, оның басшылығында дөретилген ҳүжжетлерде мәнәўий мәселелерге айрықша дыққат бөлинди. Солай етип, оның миллий - мәнәўий тиклениў концепсиясы избе-излик пенен дөретиле басланды. Әййемги дәўирлерден берли ғәрезсизлик идеясы миллий мәнәўиятымыздың өзеги болып келген. Оны халқымыз мың жыллар даўамында

[3] И Кәримов. Ғәрезсизлик ҳәм руўхыйлық. – Т., “Қарақалпақстан”, 70 бет
[4] Сонда, 70-71 бетлер.
[5] Сонда, 71 бет.

дөреткен, қәстерлеп, әлпешлеп раўажландырып, беккем миллий қәдириятлар дәрежесине көтерген. Бул әдиўли идея 1990 жылы 20 июньде Жоқары Советтиң екинши сессиясында Президентимиздиң интасы менен қабыл етилген **“Суверентитет ҳаққындағы Декларация”** да өзиниң жарқын көриниси тапты. Бунда ашық түрде Өзбекстанның миллий мәнәуият, миллий менталитет тийкарында ғәрезсиз демократиялық жәмийет дүзиўге бел байлағанлығы дүньяға жәрияланды.

Өзбекстан халқларының тарийхында 1991 жылдың 31 августы айрықша умытылмас күн. Сол күни Жоқарғы Советиниң гезексиз алтыншы сессиясы болып, онда Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик ғәрезсизлиги жәрияланды. **“Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик ғәрезсиизлигиниң тийкарлары ҳаққында”** Нызам қабыл етилди. Сессияда Ислам Кәримов кең түрде баянат жасады. Президентимиз өз баянатында ғәрезсизликтиң тарийхый әҳимийетин атап көрсетти, ғәрезсизликти тәмийинлеўдиң сиясий, экономикалық, мәнәўий, әдеп-икрамлылық тәреплерине терең анализ жасады ҳәм сөзиниң жуўмағында мына пикирди айрықша атап көрсетти: “Республикада жасайтуғын барлық миллетлер менен халықлардың ўәкиллериниң конституциялық ҳуқықларын қорғаў, олардың ҳақықый тең ҳуқықлығын тәмийнлеў ушын, билим алыўға ҳәм өз ана тилинде қатнас жасаўға теңдей мүмкиншиликлер дүзип бериў, миллий мәдений дәстүрлерди сақлаў ҳәм раўажландырыў ушын барлық нәрселер исленеди. Ғәрезсиз Өзбекстанның сиясаты пуқаралық тынышлықтың ҳәм әдеп-икрамлылықтың және адамгершиликтиң ийгиликли қәделери тийкарында қурылған миллий келисиминиң сиясаты болып қалады”.[6]

Ғәрезсизликтиң бир жыллылығын байрамлаў алдында 1992 жылы Ислам Кәримовтың **“Өзбекстанның өзиниң жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы”** атлы шығармасы жарыққа шықты. Бул шығарманы ғәрезсизлик идеяларын әмелге асырыўдың программасы деп баҳаласақ оғада дурыс болады, өйткени онда Өзбекстанда ғәрезсиз демократиялық мәмлекет қурыўдың, усыған сай ишки ҳәм сыртқы сиясатты жүргизиўдиң илимий тийкарланған концепсиясы ислеп шығылды. Онда биринши рет оғада терең ҳәм кең түрде мәнәўияттың ғәрезсиз Өзбекстанды раўажландырыўдағы роли ашып көрсетилди. Күдиретли мәмлекет, уллы социал-экономикалық реформалар қүдиретли мәнәўият негизинде ғана пайда болатуғынлығы дәлилленди. Шығарманың төртинши, жуўмақлаўшы бабы “Ғәрезсиз Өзбекстанды раўажландырыўдың мәнәўий - әдеп-икрамлық негизлери” деп аталады. Президентимиздиң пикиринше, Өзбекстанды жаңалаўдың ҳәм раўажландырыўдың өз жолы мына төрт негизге тийкарланады.

*Биринщиден*, улыўма инсанийлық қәдириятларға садықлық. Ол алға илгерилеўимиздиң баслы шәрти, күш-қүдиретимиздиң дереги. Бизиң халқымыз бәрҳама әдиллик, теңлик, парахат жасаў, татыў-қоңсылық, адамгершилик қусаған улыўма инсанийлық принциплерди қәдирлеп-қәстерлеп келген, ең қыйын күнлерде де инсанийлық пазыйлетлерге дақ түсирмеген. Жақсылыққа умтылыў, балаларға меҳир-мухаббат, жасы үлкенлерге ҳүрмет, басқалардың қайғысына дәртлеслик ҳәм тағы басқа да усы сыяқлы улыўма адамзатқа тән қәдириятлар Өзбекстан халықларының мәнәўий дүньясында айрықша орын тутады. Олар алға қойған мақсетлерге ерисиўимизде уллы күш. Соның ушында «Өзбекстанды жаңаланыўдың жоқары мақсети усы дәстүрлерди қайта тиклеў, оларға жаңа мазмун бағышлаў, ана жеримизде тынышлық ҳам демократия, абаданлық, мәденият, ҳүждан еркинлиги ҳәм ҳәр бир адамды кәмал таптырыўға ерисиў ушын зәрүр шараятлар жаратыў болып табылады»,[7] - деп айрықша атап көрсетеди Президентимиз.

*Екинщиден,* раўажланыўымыздың ең әҳимийетли мәнәўий - әдеп-икрамлық негизи халқымыздың мәнәўий мийрасы. Мәнәўий мийрас ҳәзирги миллий мәнәўиятымызды қәлиплестириўде негиз болса, ал өз гезегинде ол жәмийетимиздиң раўажланыўында,

---

[6] И.Кәримов. Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Советиниң гезексиз VI сессиясында жасаған баянаты.- “Совет Қарақалпақстаны”,I сентябрь 1991 жыл.

[7] И.Кәримов. Өзбекстанның өзиниң жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы.-Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1993, 71 бет.

адамларымыздың руўхый дүньясын беккемлеўде ҳәм жетилистириўде шешиўши роль атқарады. Соның ушын да Президентимиз “халықтың мәнәўий руўхын беккемлеў ҳәм раўажландырыў - Өзбекстанда мәмлекет ҳәм жәмийеттиң ең әҳимийетли ўазыйпасы”, - [8] деп жәриялады. Мәнәўият халқымыз қәлбинде инсанияттың үлкен шаңарағында өзиниң ғәрезсизлигиниң мәнисин түсинип жасаў, өз орнын уғыў ҳәм азатлықты сүйиў сезими менен бир пүтинликте қәлиплескен ҳәм раўажланған. “Мәнәўият инсанға ана сүти, әкениң үлгиси, өткен әўладлар үгити менен бирге сиңеди”.[9]

Президентимиз халқымыздың мәнәўий тамырларының кең ҳәм терең екенлигин, оны түсиниў, билиў, өзлестириў ҳәм жаңа мазмун менен байытыў зәрүрлигин оғада әҳимийетли стратегиялық ўазыйпа сыпатында белгилейди: «Мәнәўият өз халқының тарийхын, оның мәденияты ҳәм ўазыйпаларын терең билиў ҳәм түсинип жетиўге сүйенгенде ғана қүдиретли күшке айланады».[10]

*Ушиншиден,* инсанның өз имканиятларын еркин жүзеге шығарыўы, бул анық қылып айтатуғын болсақ, елимизде әмелге асырылып атырған реформалардың мәнисин көрсетеди. Бизиң халқымыздың мийнет сүйгишлиги, дүньялық илимге, мәдениятқа, дөретиўшилик ислерге пидәкәрлик пенен үлес қосқаны ҳәммеге мәлим. Президентимиз айтқанындай, адамларымыздың имканиятлары күтә терең генетикалық тийкарларға ийе. Халқымыз ҳәзирги заман талаплары дәрежесинде өндирислик, экономикалық, илимий ҳәм техникалық проблемаларды шеше алады. Өйткени, бизиң адамларымызға барлық машқалаларды шешиўде пуқталық ҳәм ой-пикирлилик тән. Бул қәсийетлерди оған халқымыздың мың жыллар даўамында қурамалы раўажланыўының тәжрийбелери берген.

*Төртиншиден,* Өзбекстан пуқарасының ўатансүйгишлиги. Бул қайта өзгерислер жолын көрсететуғын, гөзлеген мақсеттен шетке шығармайтуғын жол көрсетиўши жулдыз, исенимли компас болып есапланады.[11] Президентимиз бул шығармада ўатанпәрўарлық, миллий сезим, миллий мақтаныш түсиниклериниң ҳәзирги мәниси-мазмуны, ўатанпәрўарлық тәрбиясын жүргизиўдиң әҳмийети туўралы терең идеяларды ортаға қояды.

Президентимиз Ислам Кәримовтың “Өзбекстан өзиниң жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы” атлы мийнетинде ортаға қойылған мәнәўияттың мәниси ҳәм оны тәрбиялаўдың жоллары ҳаққындағы ой-пикирлери автордың буннан кейинги жазған мийнетлеринде тийкар болып хызмет етти. Президентимиздиң сол 1992 жылы жарияланған **“Өзбекстан – келешеги уллы мәмлекет”** атлы мийнетинде пуқараларда жаңаша ой пикирди қәлиплестириў, Ўатан түсинигине жаңаша мәнис бериў, таңлап алған жолымызға халқымыздың терең исенимин қәлиплестириў ҳаққындығы идеялар тағы да тереңлестирилди. Дин ҳәм руўҳанийлардың халықты мәнәўий тәрбиялаўдағы роли туўралы жаңаша көз қараслар баян етилди.

1994 жылы Президентимиз Ислам Кәримовтың **“Ғәрезсизлик ҳәм мәнәўият”** атлы топламы баспадан шықты. Топламға Президентимиздиң 1991-1994 жыллары жәрияланған баянатлары, шығып сөйлеген сөзлери ҳәм китапларындағы мәнәўият ҳәм мәрийпет бойынша ой-пикирлери киргизилди. Президентимиздиң бул идеялары мәнәўияттиң мәнисин түсиниў, олардың жәмийеттиң ҳәм ҳәр бир инсанның өмириндеги әҳимийетин дурыс уғып алыў ушын баслы теориялық дерек болды, буннан кейинги жылларда мәнәўий мәселелерди шешиўде ҳәм раўажландырыўда методологиялық көрсетпе ролин атқарды. Президентимиздиң бул китаптағы ой–пикирлерин ҳәм көрсетпелерин жуўмақластырып айтқанда, халқымыздың мәнәўиятын жетилистириў, руўхый дүньясын заман талабына ылайық раўажландырыў мәмлекетимиздиң сиясатының ең әҳимийетли бағдары, ал халқымыздың улыўма инсаний қәдириятларға садықлығы ғәрезсиз елимиздиң күш-қүдиретиниң дереги болады.[12]

[8] Сонда, 76 бет.
[9] Сонда,76 бет.
[10] Сонда, 77 бет.
[11] Сонда, 82 бет.
[12] И. Кәримов. Ғәрезсизлик ҳәм руўхыйлық. -Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1994., 5,7 бетлер.

Топламға кирген шығармаларда бизиң мәнәўиятымыздың инсан сүйгишлик, ўатан сүйгишлик, миллий татыўлық, тынышлыққа умтылыўшылық мәнислери күтә айқын көрсетилип берилген, миллий ғәрезсизлик идеологиясын жаратыўдың зәрүрлиги күн тәртибине қойылған.

Президентимиз Ислам Кәримовтың **“Өзбекстанның жәмийетлик-сиясий ҳәм экономикалық раўажланыўының тийкарғы прициплери”** (1995) атлы китабының үшинши бөлими “Жоқары мәнәўият – келешектиң тийкары” деп аталып, онда мәнәўият, мәрийпет, идеология, тәлим-тәрбия, ислам дининиң жәмийетимиздеги орны ҳәм ислам философиясының уллы ўәкиллери болған жерлеслеримиз туўралы илимий объектив пикирлер баян етилген. Шығармада мәнәўият ҳәм экономика, мәнәўият ҳәм идеология, мәнәўият ҳәм тәрбия, мәнәўият ҳәм мәрийпет, мәнәўият ҳәм дин сыяқлы машқала бойынша дәстүрлик режелер баянлаған.

Журтбасымыз Ислам Кәримовтың “Өзбекстан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында” (1995) атлы фундаментал китабында Өзбекстанның базар экономикасына өтиўиниң өзине тән жолы ҳәм оның басқышлары ҳәр тәреплеме анализленди. Усының менен бирге, бул китапта халықтың мәнәўий-руўхый тиклениўи экономикалық реформалардың социаллық негизи болатуғынлығы ҳаққындағы мәселеге терең илимий анализ берилди. Автордың пикиринше, мәнәўий саладағы табысларды сөзсиз жәмийетти жаңалаў ҳәм экономиканы реформалаў процессиниң дәслепки басқышының оғада үлкен табыслы деп баҳалаў керек. “Тек ғана мәнәўий сағлам, күшли жәмийет ғана реформаларға таяр болыўы мүмкин”.[13] Шығармада мәнәўият ҳәм экономиканың өз ара байланысы мәселесине терең анализ исленген, улыўма халықлық миллий ғәрезсизлик идеологиясы түсиниги ортаға қойылып, оның мәниси, негизлери, ўазыйпалары кең түрде түсиндирилген.

Президентимидиң “Өзбекстан XXI әсир босағасында: қәўипсизликке қәўиплер, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери” (1997) атлы мийнетинде тек бизиң елимиз ушын ғана әҳимийети бар мәселелер көтерилип қоймастан, усының менен бирге улыўма цивилизациялық мәниске ийе машқалалардың шешими берилген. Мәнәўий қәдирилтлар ҳәм миллий өзликти аңлаўдың қайта тиклениўи, ҳәзирги мәнәўий – руўхый ояныўдың тийкарлары ҳаққында мәселелер кең түрде сөз етилген.

Президентимиздиң пикиринше, ҳеш бир жәмийет мәнәўий мүмкиншиликлерди, адамлар санасында мәнәўий ҳәм әдеп-икрамлық қәдириятларды раўажлантырмай ҳәмде беккемлемей турып өз келешегин көз алдына келтире алмайды. Мәнәўий қәдириятлар бәрҳама Шығыс халықлары ушын құдиретли руўхый күш болып келген. «Биз мәнәўий кадириятларды тиклеўди миллий өзликти аңлаўдың өсиўинен, халықтың мәнәўий булақларына, тамырларына қайтыўдан ибарат избе-из табийғый процесс деп есаплаймыз».[14] Соның ушында, идеологиялық жумыс, ғәрезсизлик, жоқары мәнәўият, әдеп-икарамлылық, мәдениniят идеяларын нәсият қылыў өткинши жағдайға айланып кетпеслиги керек.[15]

Усының менен бирге Президентимиз пикиринше мәнәўий қәдириятларды, соның ишинде биз ушын муқаддес болған диний қәдириятлар ҳәм дәстүрлериди қайта тиклеў сиясий ҳәм мәдений экстремизм қәўпине жол ашпаўы керек. Мәнәўий мийрасларды қайта тиклеў ойланылған, ҳәзирги заман талапларына сай келетуғын түрде болмағы дәркар. Анығырақ айтқанда, ол ҳәзирги дәўирди қабыл қылмаўшылыққа, жәмийетти жаңалаў зәрүрлигин бийкарлаўға алып келмеўи керек. Өйткени **«…қатып қалған догмалардан бас тартыў - өз тарийхый өтмишлеримизден бас тартыў дегени емес. Бул бир тәреплеме ҳәм тар пикирлерден бас тартыў болады».**[16]

---

[13] И.Кәримов. Өзбекстан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында. -Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1997, 147 б.

[14] И.Кәримов. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида… Т., “Ўзбекистон”, 1997, 137 б.

[15] Сонда, 187 бет.

[16] Сонда, 151 бет.

Журтбасшымыздың “Түркстан” газетасының хабаршысының сораўларына берген жуўаплары болған **“Өз келешегимизди өз қолымыз бенен қурып атырмыз” (1999**) атлы мийнетинде мәнәўий-идеологиялық мәселелерге тийкарғы итибар қаратылды. Ғәрезсизликтен кейинги басып өткен жолымызды анализлей отырып, Президентимиз енди бийкарлаў кейпиятынан дөретиўшилик кейпиятына өтиў ўақты келгенлигин айрықша атап көрсетти.

Усы жағдайда адамларымыздың дүньяға көз-қарасын, ой-пикирин, мәнәўий сана-сезимин тағыда байытыў ҳәм жетилистириў бүгинги күнниң ең зәрүрли ўазыйпаларының бири екенлигине дыққат аўдарды. Буны ишки раўажланыў ғана емес, ал сыртқы бизге қәтер салыўы мүмкин болған идеологиялық қәўиплерде бул мәселлерге айрықша итибар бериўди талап етип атырғанын дәлиллеп көрсетти. Шығармада мәнәўият түсинигиниң мәнис-мазмуны руўхый пәклениў, жақсылық, ийман-исеним, ҳүждан түсиниклери арқалы ашып көрсетилди. Президентимиздиң тастықлаўынша, жәмийетти мудамы ҳәрекетке келтирип туратуғын күш - миллий идея, миллий мәплерге хызмет қылатуғын қәдириятларды, алдыңғы демократиялық қағыйдаларды ҳәм түсиниклерди анық көз алдымызға келтире отырып, барларын абайлап сақлаў, жоқларын қәлиплестириў, байытыў, раўажландырыў арқалы халықты, ең алды менен өсип киятырған жас әўладларымызды мине усы билим ҳәм көнликпелер менен тәрбиялаў - мәнәўият саласындағы ең тийкарғы ўазыйпамыз болыўы тийис. **“Әмир Темур бабамыздың сөзи менен айтқанда, халқымыз, миллетимиздиң дәртине дәрман болыў-барлығымыздың әдиўли миннетимиз”.**[17]

Президентимиз Ислам Кәримовтың **“Азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм пәрәўан турмыс түпкиликли мақсетимиз”** (2000) атлы мийнетинде елимизде әмелге асырылып атырған демократиялық реформалардың жаңа басқышындағы жәмийеттиң барлық салаларында әмелге асырылыўы керек болған конкрет ўазыйпалар логикалық избе-изликте терең анализленген. Президентимиз оларды әмелге асырыў процессинде “өзиниң ҳуқықларын билетуғын, өз күшине ҳәм қәбилетине сүйенип жасайтуғын, әтирапта жүз берип атырған ўақыяларға еркин мүнәсибетте болатуғын, усының менен бирге, өз жеке мәплерин мәмлекеттиң ҳәм халықтың мәплери менен уйғынластырған ҳалда көретуғын еркин шахсты қәлиплестириў ушын барлық зәрүрли шараятларды жаратыў дәркар”[18] екенлигин айрықша атап көрсетти.

Президентимиз пикиринше, мәнәўият саласындағы тийкарғы ўазыйпамыз – миллий қәдириятларымызды тиклеў, өзлигимизди аңлаў, миллий идея ҳәм идеологияны қәлиплестириў, муқаддес динимиздиң руўхый турмыстағы орнын ҳәм ҳүрметин тиклеў сыяқлы ғәрезсизлик жылларында баслаған әдиўли ислеримизди табанлылық пенен даўам еттириў, оларды жаңа баскышқа көтериў ҳәм тәсиршеңлигин күшейтиўден ибарат. Мәнәўиятты жетилистириў улыўмалық қурғақ сөзлер менен емес, ал конкрет әмелий ислер менен байланыста алып барылыўы керек. Бунда жәмийетимиздеги ҳәр қыйлы топарлар ҳәм қатламлардың өзине тән өзгешеликлери есапқа алыныўы шәрт ҳәр пуқара өз пикирин еркин билдире алыўы зәрүр.

Президентимиз Ислам Кәримовтың “**Жоқары мәнәўият-жеңилмес күш”** (2008) атлы фундаментал мийнетинде өзиниң мәнәўият машқаласын узақ жыллар даўамында изретлеўлерин заманымызға сай жаңа идеялар менен байытты. Онда журтбасымыз мәнәўияттың мәнис-мазмунын, оның ҳәр бир инсанның, миллеттиң, жәмийеттиң турмысындағы орнын ҳәм әҳимийетин, елимизде миллий мәнәўиятымызды тиклеў ушын алып барылып атырған реформаларды, бул саладағы жаңа әмелий ўазыйпаларды және ҳәзирги қурамалы глобалласыў дәўиринде мәнәўият саласында пайда болған

---

[17] И.Каримов. Өз келешегимизди өз қолымыз бенен қурып атырмыз. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1999, 33-34 бетлер.

[18] И.Каримов. “Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз”, Т., “Ўзбекистон”, 2000, 12 б.

шийеленискен машқалаларды ҳәр тәреплеме анализлеп берди. Пуқараларымыз, әсиресе, жасларымыздың санасына ҳәм қәлбине миллий мәнәўиятымызды, миллий идеяларымызды сиңдириў, идеялық бослыққа жол қоймаў, халқымызды зыянлы идея ҳәм идеологиялардан қорғаў бойынша кешиктирип болмайтуғын ўазыйпаларды ортаға қойды.

Халқымыздың ҳеш кимнен кем болмай жасаўы, перзентлеримиздиң бизге қарағанда күшли, билимли, дана ҳәм әлбетте бахытлы болып жасаўы ушын тәрбиялаўда мәнәўияттың роли оғада уллы екенлигин, буны ислемесек яки бул жумысты өзи боларшылыққа салып қойсақ таңлаған жолымыздан, мәнәўиятымыздан ҳәм муқаддес қәдириятларымыздан ажыралып қалыўымыз мүмкин екенлигин көрсете келип, Президентимиз **"Өз тарийхын билмейтуғын, кешеги күнин умытқан халықтың келешеги жоқ",**[19] деп жуўмақ шығарады. Китапта мәнәўий қәўип, мәнәўият ҳәм оның тийкарғы белгилери және факторлары, раўажланыўдың "өзбек модели" менен миллий мәнәўий жаңаланыў концепсиясының өз ара сай келиў диалектикасы анализленеди.

Президентимиз жасларды мәнәўий агрессиядан қорғаў ўазыйпасын ортаға қояды, бул ушын "еркинлик ҳәм демократияны алға жылжытыў" нықабы астында гейпара мәмлекетлердиң жүргизип атырған сиясатының ғәрезли мәнисин, "массалық мәденият" сүрени менен биәдеп бузықлық ҳәм зорлық, индивидуализм, эгоцентризм идеяларын тарқатыўға умтылыўдың миллий мәнәўиятқа қәўип екенлигин түсиниўимиз кереклигин көрсетеди.

Президентимиздиң пикиринше, мәнәўиятты ҳақыйқый жеңилмес күшке айландырыў ушын инсан қәлби ҳәм ой-пикирине тиккелей тәсир етиўши барлық салаларда, атап айтқанда, тәлим-тәрбия, баспа-сөз, телеведение, театр, кино, әдебият, музыка, сүўретшилик ҳәм ҳәйкел ислеў искусствосында мәнәўий тәрбиялық жумысларды күшейтиўимиз дәркар.

Журбасымыздың "Жоқары мәнәўият - жеңилмес күш" атлы китабында инсанға тән болған ең уллы мәртлик – бул мәнәўий мәртлик деп жәрияланады. Ҳақыйқый қаҳарманлық, мәнәўий мәртликтиң мәнисини ҳәм белгилерин көрсете келип, Президентимиз оған дүньялық ҳәм миллий тарийхымыздан мысаллар келтиреди, өзи жақсы билген адамлардан Яхья Ғуламов, Зулфияханум, Азат Шарафатдиновлардың өмирлерин мысал етип көрсетеди.

Әлбетте, Өзбекстанның барлық жерлеринде болғанындай, Қарақалпақстанда – да мәнәўий мәртлер баршылық. Олардан заманласларымыздан уллы шайыр Ибрайым Юсупов, атақлы пидайы инсан Алланияз Өтениязовтың атын айрықша атап өткен орынлы болар еди.

"**Халқымыз,** - дейди Президентимиз, - **ҳәмме ўақыт мәнәўий мәртлик сезими менен жасаған ҳәм бул уллы сезим оның турмысында жыллар, әсирлер өткен сайын бәрҳәма күшейип, жоқарылап бармақта…".**[20] XX әсирде халқымыз әмелге асырған уллы мәнәўий мәртликтиң көриниси болған миллий ғәрезсизлик журтбасымыздың бул теориялық жуўмағын тағы бир мәртебе тастыйқлайды.

Президентимиздиң жоқарыда сөз етилген ҳәм басқа да шығармаларында атап айтқанда: **«Ғәрезсизлик жолы: машқалалар ҳәм режелер»** (1992), **«Өзбекстан: миллий ғәрезсизлик, экономика, сиясат, идеология»** (1993), **«Илим елдиң раўажланыўына хызмет етсин»** (1994), **«Бизден азат ҳәм абат Ўатан қалсын»** (1994), **«Амир Темур даңқымыз, мақтанышымыз»** (1996), **«Жаңаша ойлаў-дәўир талабы»** (1997), **«Бәркамал әўлад - Өзбекстанның раўажланыўының фундаменти»** (1997), **«Тарийхый қәтиресиз - келешек жоқ»** (1998), **«Жәмийетимиз идеологиясы халықты - халық, миллетти - миллет қылыўға хызмет етсин»** (1998), **«Алла қәлбимизде, жүрегимизде»** (1999), **«Өзбекстан XXI әсирге умтылмақта»** (1999), **«Миллий ғәрезсизлик идеологиясы – халық ынанымы ҳәм уллы келешекке исенимдур»** (2000), **«Бизиң бас мақсетимиз - жәмийетти демократияластырыў ҳәм жаңалаў, мәмлекетти модернизация ҳәм реформа етиў»** (2005) усаған мийнетлерде, әсиресе, **«Жоқары**

---

[19] И.Каримов Юксак маънавият – енгилмас куч Т., "Маънавият", 2008, 4-бет.

[20] Сонда, 169-170 бетлер.

**мәнәўият - жеңилмес күш»** (2008) атлы китабында және ҳәр қыйлы әнжуманларда шығып сөйлеген сөзлеринде, сондай-ақ, мәнәўият-мәрипий ислерди әмелге асырыў бойынша Президент пәрманларында ғәрезсизлик дәўиринде мәнәўиятти раўажландырыўдың стратегиялық әҳмийетке ийе концепциясы ҳәр тәреплеме ислеп шығылды ҳәм раўажландырылды, теориялық жақтан жаңа идеялар менен байытылды, оның жаңа қырлары ҳәм бағдарлары ашып берилди. Бүгинге келип, жаңа жәмийет қурыўда ҳәм кәмил инсанды қәлиплестириўде журтбасшымыз ислеп шыққан **миллий-мәнәўий тиклениў, жаңаланыў ҳәм раўажланыў коцепциясының** теориялық ҳәм практикалық әҳмийетин пүткил дүнья тән алды.

## 2. Ислам Кәримовтың мәнәўият түсинигине анықламасы ҳәм оның методологиялық әҳмийети

Мәнәўияттың инсан ҳәм жәмийет ушын әҳимийетин белгилеў зәрүрлиги, бәринен де бурын, мәнәўияттың мәнис-мазмунын илимий анализлеўди талап етеди. Өйткени, “Мәнәўият деген не?”- деген саўалға жуўап бермей турып оның адамзат турмысындағы ролин түсиниў мүмкин емес.

Коммунистлик идеологияның жеке ҳәкимшилигине тийкарланған советлик дүзим дәўиринде мәнәўият мәселеси айрықша илимий машқала сыпатнында үйренилмеди. Илимий ҳәм көркем әдебиятта, оқыўлық ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларда мәнәўият мәселеси айрықша анализленбеди, сөзликлерде мәнәўият түсиниги талқыланбады. Ал, миллий мәнәўият туўралы айтатуғын болсақ, оны унамлы ҳәдисе сыпатында баҳалаў мүмкин болмады, өйткени, бул жағдай жәмийетлик бирликти бузатуғын миллетшиликтиң көриниси деп есапланатуғын еди. Ол ўақытлары формасы бойынша миллий, мазмуны бойынша социалистлик бир пүтин совет мәденияты туўралы көп сөзлер айтылды. Ҳаслында, бул ҳәр бир миллеттиң формасы жағынан да, мазмуны жағынана да миллий мәдениятының ҳәм мәнәўияттың бар екенлигин бийкарлаўға алып келди.

Журтымыз ғәрезсизликке ерискеннен кейин миллий мәнәўиятымызды формасы ҳәм мазмуны бойынша өз ара уйғын үйрениў иси жолға қойылды. Алымлар буны ғәрезсизлик жағдайында пайда болған миллий ой-пикиримизди раўажландырыўдағы жаңа бағдар деп баҳалайды. Бул жаңа бағдардың қәлиплесиўи ғәрезсизликтиң инициаторы Ислам Кәримовтың аты менен тиккелей байланыслы. Оның шығармалрында мәнәўияттың жәмийетлик функциялары көрсетилип ғана қойылмастан, жәмийет ҳәм инсан өмири ушын шешиўши әҳимийетке ийе болған мәнәўият түсинигиниң мәниси ҳәм мазмуны биринши болып баян етилди, бул түсиникти ҳәр тәреплеме илимий анализлеў баслап берилди.

Дүньяда жасаўшы барлық халықларда мәнәўият қәлиплескен, өйткени мәнәўият жоқ жерде инсанның өзи жоқ. Мәнәўияттың улыўма инсаныйлық мәниси адамларды өз-ара түсинисиўге, туўысқанлық байланысларды орнатыўға алып келди. Президентимиздиң пикиринше, мәнәўият адамлардың өмиринде соншелли уллы роль атқарады, ол инсанға ҳаўадай, суўдай зәрүр. Мәнәўияттың мәнисин белгилеўде адамды қоршаған материаллық дүнья, социаллық турмыс, оның жасаў тәризи ҳәм басқа инсанлар менен қатнасықлары шешиўши орын ийелейди. “Жер, шаңарақ, ата-ана, балалар, туўған–туўысқанлар, қоңсы-қобалар, халық, ғәрезсиз мәмлекетимизге садықлық, инсанларға ҳүрмет, исеним, яд, ҳүждан, еркинлик мәнәўияттың мәниси, әне усындай кең”.[21] Мәнәўият жекке адамға биологиялық жол менен ген арқалы әўладтан әўладқа өтетуғын нәрсе емес. Керсинше, “инсан өзин халықтың бир бөлеги деп сезгенде ғана, ол ҳаққында ойлап мийнет етип жасағанда ғана мәнәўият пенен тутасады”.[22]

Мәнәўият адамларға туўры жол көрсетеди, өмирдиң мәниси тек байлық арттырыў ғана емес, ал адамгершилик, инсаплылық, ийманлылық екенлигин бәрҳама ядқа салып турады, адамзат өмирине турақлылық, аманшылық бағышлайды, қыйыншылықлардан шығыўдың жолларын көрсетеди. Халқымыз тарийхы жоқары мәнәўиятлы ҳәм мәғрийпетли, дүньялық мәденияттың жарқыраған жулдызлары болған исимлерге бай. Ибн Сино, Фарабий, Беруний, Әл Харезмий, Фарғаний, Имам Бухарий, Имам Термизий, Ахмад Яссаўий, Баҳаўатдин Нағышбанд, Нажмитдин Кубра, Замахшарий, Сулайман Бақырғаний, Улығбек, Наўайы, Бердақ, Әжинияз ҳ.т.б өмири ҳәм мийнетлери илим ҳәм мәнәўий жетиклик жолындағы өшпес қаҳарманлық болып есапланады. Бул уллы ата-бабаларымыздың дүньялық мәдениятқа қосқан үлеслери ҳәм жекке өмирлери өзлигимизди аңлаўда ҳәм бүгинги жасларымызды мәнәўий тәрбиялаўда үлкен әҳимийетке ийе екенлиги бәрҳама ядымызда турыўы керек.

---

[21] И. Кәримов Өзбекстанның өзиниң жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы. Нөкис, “Қарақалпақстан” 1992.77-78 бет.

[22] Сонда, 78 бет.

Президентимиз дәслеп адамларға материаллық байлық бериў, оннан кейин мәнәўият ҳаққында ойлаў керек дейтуғынлар ҳақ болмаса керек деп атап көрсете отырып, мәнәўият инсанның, халықтың, жәмийеттиң, мәмлекеттиң күш-қүдирети, - деп жәриялады. “Ол жоқ жерде ҳеш қашан бахыт болмайды… Мәнәўиятты беккемлеў ушын мийнет ҳәм қаржыны аяў өз келешегине балта урыў деген сөз”,[23] – деп жуўмақ шығарады. Мәнәўиятты қайта тиклеў ҳәм раўажландырыў миллий мәнәўиятымыздың табысларын және дәстүрлерин, сондай-ақ, дүньялық улыўма инсаний мәдениятты қабыл етиў менен тиккелей байланыслы. Тек усыларды ислегенде ғана ҳақыйқый ғәрезсиз, жоқары мәнәўиятлы мәдений мәмлекет бола аламыз.

Президентимиздиң мийнетлериндеги идеялардан келип шығатуғын болсақ, мәнәўият түсиниги мына үш нәрсеге тийкарланады: *Бириншиден,* улыўма инсаный қәдириятлар, өйткени биз жер жүзиндеги халықлардың биримиз, сонлықтан дүньядағы барлық инсанларға тән болған улыўма инсаний қәдириятлар биз ушын зәрүр, онысыз биз жасай алмаймыз. *Екиншиден,* халқымыздың мың жыллар даўамында топлаған өзине тән миллий мәнәўияты, дәстүрлери ҳәм үрп-әдетлери бар. Олар басқа халықлардикинен ажыралып турады, өйткени бизиң миллий қәдириятларымыз тек өзимизге тән болған тәбийғый жағдайда, тарийхый тәғдирде, турмыс тәризинде, социаллық, экономикалық ҳәм сиясий қатнасықлар системасында қәлиплескен, раўажланған ҳәм ҳәзирги дәрежесине келген. Сонлықтан, мәдений колониализм жағдайында аяқ астына басылған және биразы умытыла баслаған мәнәўиятымызды қайта тиклеў ҳәм турмысқа енгизиў миллет сыпатнында өзлигимизди аңлаў менен барабар. *Үшиншиден,* диний қәрдириятлар, өйткени бизиң халқымыздың мың жыллар даўамында мәнәўиятының қәлиплесиўинде ҳәм раўажланыўында әййемги динлер, әсиресе, зардуштийлик, соңғы он төрт әсир даўамында ислам дини шешиўши роль атқарған. Журтбасшымыз айтқанындай, ислам дини – ата бабаларымыздың муқаддес исеними. Усының арқасында халқымыз мың жыллар даўамында мәнәўиятын, бай мийрасын ҳәм өзлигин аман сақлап келген.

Дин халықтың мәнәўиятын пәк сақлаўда, адамлар арасында мийрим-шәпәәт орнатыўда үлкен хызмет еткен. Адамларды мудамы жақсылыққа, ийгиликли ислерге баслап отырған.[24]

Демек, мәнәўият туўма қәсийет емес. Инсан өзине дейинги топланған миллий ҳәм улыўма инсаный қәдириятларды өзине сиңдире отырып, өз Ўатаны, миллети ҳәм шаңарағы ушын пидайылық пенен физикалық ҳәм руўхый мийнет қылыў процесинде ғана мәнәўиятқа ериседи. Олай болса «Мәнәўият - тәғдириниң саўғасы емес. Мәнәўият инсан қәлбинде кәмал табыўы ушын ол шын жүрегинен ҳәм ҳүжданлы түрде ақыл ҳәм қол менен мийнет етиўи керек».[25]

Мәнәўият өзгермес, қабыл ете берсе болатуғын таяр догма емес, ал ол байып, толығып баратуғын жанлы қубылыс, бәрҳәма ҳәрекеттеги үзликсиз процесс. Президентимиз атап көрсетиўинше «Мәнәўият үзликсиз ҳәрекеттеги процесс болады. Пикир, ойлаў, сана-сезим тыным билмегениндей, олардың өними болған мәнәўиятта бәрҳәма өзгерис ҳәм жаңаланыўда болады».[26]

Президентимиздиң мәнәўият мәселеси баян етилген шығармаларын дыққат пенен үйренетуғын болсақ биз мына шынлықты айқын аңғарамыз: мәнәўият түсинигиниң мәнис-мазмуны биреўинен екиншисине өткен сайын дөретиўшилик пенен избе-из байытылып, толықтырылып барылады. Журтбасшымыз Ислам Каримовтың **«Жоқары мәнәўият-жеңилмес күш»** атлы китабындағы мәнәўият ҳаққындағы пикирлери буның жарқын дәлили. Бул китапты XXI әсирдиң бас гезинде жарық көрген мәнәўият қубылысы туўралы усы ўақытқа шекем адамзат топлаған идеялардың квинтэссенциясы болған ажайып фундаментал шығарма деп атасақ орынлы болады.

[23] Сонда, 79 бет.
[24] И.Кәримов. Ғәрезсизлик ҳәм руўхыйлық. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1997, 79 бет.
[25] Сонда, 8 бет
[26] И.Кәримов Биз келешегимизди өз қолымыз менен қурамыз. Нөкис., «Қарақалпақстан». 1999, 21 бет.

Китапта журтбасшымыз алымларымыз арасында мәнәўият түсиниги бойынша ҳәр түрли илимий, философиялық, әдебий ҳәм әпиўайы түрдеги көплеп анықламалардың бар екенлигин айта келип, бул түсиникти тек ғана “мәни”, “мағана” деген сөзлер менен шегералап болмайды, деп атап көрсетеди. Өйткени, инсанды инсан қылатуғын, оның санасы ҳәм руўҳыяты менен ажыралмас байланыслы болған бул түсиник ҳәр бир адам, жәмийет, миллет ҳәм халықтың турмысында ҳеш нәрсе менен өлшеп болмайтуғын айрықша орын тутады. Президентимиз бул шығармада өзиниң көп жыллық изретлеўлерин улыўмаластырып мәнәўияттың төмендеги классикалық анықламасын береди: **«Мәнәўият – инсанды руўҳый пәклениўге, қәлбиниң улғайыўына шақыратуғын, адамның ишки дүньясын, еркин, беккем, ийман-исенимин пүтин ететуғын, ҳүжданын оятатуғын теңсиз уллы күш, оның барлық көз-қарасларының өлшемидур…».**[27] Президенттиң пикиринше, «мәнәўият» түсиниги жәмийет турмысындағы идеялық, идеологиялық, мәрипий, мәдений, диний ҳәм әдеп икрамлық көз қарасларды өзинде толық бириктирип турады. Сонлықтан да, бул мәселелерди анализлегенде олардың барлығын улыўмаластырып кең мәниде «мәнәўият» түсиниги менен сүўретлеў мүмкин болады. Шығармада мәнәўият түсинигиниң мәнис-мазмунын анықлайтуғын тийкарғы белгилер сыпатында биринshiден, руўҳый пәклик ҳәм ҳадаллық қәлбиниң улғайыўы, екиншиден, адамның ишки дүньясының ҳәм еркиниң беккем ийман-исениминиң пүтинлиги, үшиншиден, ҳүжданның мудам ояў, пәк, сергек болыўы көрсетиледи және олар турмыслық фактлер менен анализленеди.

Бул анықламада оғада қурамалы, кең мәнили мәнәўият қубылысының баслы белгилери терең ҳәм анық сәўлесин тапқан. Олардың биринshiси, инсанның руўхый пәклениўи қәлбиниң улғайыўы болып, бул мәселени анализлеў негизинде Президентимиз инсанлар турмысында бир-бирине қарама-қарсы болған, бирин-бири бийкарлаўшы еки түрли көз-қараслардың ҳам турмыс тәрзиниң бар екенлигин исенимли түрде баян етеди. Президентимиздиң образлы етип айтқанындай, кимдур Рахман (Қудай) дың жетегинде жүрсе, кимдур Шайтанның жетегинде жүреди. Өз нанын ҳадал мийнет пенен табатуғын, ел журтға ийгиликли ислери менен пайда тийгизетуғын, халал ҳәм пәк жасаўда өзи ушын жоқары мақсет деп есаплайтуғын, тек бул дунья ғана емес, ал ол дүнья, аҳырет ҳаққында да ойлайтуғын инсанларға тән турмыслық көз-қараслар менен бир қатарда буның қарама-қарсысы болған турақлылық көз-қарасларда бар. Олар өмирдиң мәнис-мазмуны ҳаққында терең пикир жүргизбестен, тек өзиниң нәпсин ойлайтуғын, ҳәзликке берилип, жеңил-желпи турмыс кеширетуғын, Ўатан, ата-ана, перзентлер алдында миннетине бийпарўа қарайтуғын адамлар болып есапланады. Бул топарға кириўшилер журтбасшымыз айтқанындай «Жүзимин жеңде бағын сорамаң», «Ебин тапта, еки аса» деген принцип менен жасап өзлерин тап дүньяның ҳақыйқый ийесиндей, кемшиликсиз өмир сүрип атырғандай, бахыт қусы басларына қонғандай сезиниўге урынады. Ең жаман жери буныңдай адамлардың турмыс тәрзи, әдиўли нийетлерди мақсет етип атырған адамларға унамсыз тәсийир етиўи мүмкин, екилениўлер ҳәм гумансыраўларды пайда етиўи мүмкин. Президентимиз жоқарыда көрсеткениндей еки түрли турмыслық көз-қараслардың ақыр аяғында нелерге алып келетуғынлығы ҳаққында жуўмақ шығарып былай дейди: Өз маңлай тери менен ҳадал жасаўшы инсанлар турмыстан разы қәлби ҳәм жүреги тоқ, ҳүжданы пәк, руўхый дүньясы турақлы болып, елдиң ҳүрметине мияссар болып жасайды.

Ал, нәпәклик жолға берилген, тек мал-дүньяға умтылып жасаған адам өмирин әрманлар ҳәм өкинишлер менен жуўмақлайды. Руўҳый пәклик, ҳалаллық, сол тийкарда инсан қәлбиниң мәнәўий әлеминиң кеңейиўи ҳәм жоқарылаўы ҳаққындағы мәселеге жуўмақ шығара отырып журтбасшымыз былай дейди: «… Аллатаалланың өзи бизге буйырған кәмил инсан болыў, ҳадаллық ҳәм әдалат пенен турмыс кешириў сыяқлы жоқары пәзийлетлердиң мәнис-мазмунын тек терең аңлаў ғана емес, ал, усындай өзгешеликлерге

---

[27] И.Каримов. Юксак маънавият – енгилмас куч Т., “Маънавият”,2008. 19 бет.

ийе болыў, оларға әмел қылып жасаў – адамзаттың мәнәўий байлығын белгилеп беретуғын тийкарғы» өлшем, десек, ҳасла қәте болмайды.

Мәнәўияттың екинши белгиси адамның ишки дүньясы ҳәм еркин беккем, ийман – исенимин пүтин қылыўда жарқын жүзеге шығады. Жоқары мәнәўиятлы инсан ҳәр қандай қыйын жағдайдада ийман–исениминиң пүтинлигин, өзиниң ишки руўҳый дүньясының ҳәм еркиниң қуўатлы болыўын жәмлей алады. Өзлигин жоғалтпайды, қандай жағдай болмасын Ўатанының, халқының мәпи ушын ис-ҳәрекет қылады. Журтымыз тарийхына нәзер тасласақ, биз бәрҳәме усындай болғанлығын көремиз. Мәселен, дерлик 150 жылдай даўам еткен патша Россиясының ҳәм советлик тоталитарлық дүзимниң зорлық–зомбылыққа тийкарланған үстемлиги дәўиринде де халқымыз өзлигин, тилин, динин, иман–исенимин сақлап қалды. Дүньялық тарийхта мәнәўият, пуқаралардың еркиниң ҳәм ийман–исениминиң беккемлиги халықларды кризислик жағдайлардан шығарып, раўажланыўға жол ашқанлығын көремиз. Мәселен, екинши дүньялық жүзилик урыстан кейин оғада қыйын аўҳалға түскен Япония ҳәм Қубла Корея халықлары беккем миллий мәнәўият тийкарында бүгин әжайып табысларға ерискениниң гүўасы болып отырмыз. Бундай мысалларды көплеп – келтириўимиз мүмкин.

Мәнәўияттың үшинши белгиси ҳүжданның пәклиги, сергеклиги ҳәм мудам ояў болыўы есапланады. Жәмийет турмысында мәнәўияттың бул белгилериниң орны айрықша. Ҳүжданы ояў ҳәм пәк инсан қыйналғанларға жәрдемлеседи, әдалат ушын гүреседи, әдилсизликлерге әпиўайы қарап тура алмайды, қыянет ҳәм сатқынлықты хеште жол қоймайды. Өйткени бундай халатларға хүжданы келисим бермейди.

Жоқарыда сөз етилген мәнәўияттың белгилери инсанның өмириниң мәнис-мазмунын белгилеп турады. Егер олар болмаса адам өмириниң мәниси қалмайды, өйткени мәнәўият инсандағы инсанылықтың көриниси ҳәм өлшеми.

Президентимиз мәнәўиятты қәлиплестириўдиң ҳәм раўажландырыўдың факторлары сыпатында мәнәўий мийрас, мәдений байлықларды әййемги тарийхый естеликлер (мәселен, «Авесто»), халық аўызеки дөретиўшилигиниң әжайып дүрданалары (мәселен Алпамыс дәстаны), миллий байрамлар (мәселен Наўрыз), муқаддес Ислам дини тәлийматы ҳәм шариат қағыйдаларын изертлеўге қосқан үлесимиз, илимий дөретиўшилик пенен шуғылланған уллы алымларымыз мийрасы, Саҳыпқыран Амир Темур ҳәм уллы бабамыз Алишер Навои мийрасы, мәрипет пәрўар жадидлер искерлиги, XX әсирдиң атақлы илимий, әдебий ғайраткерлер дөретиўшилиги, шаңарақ, мәҳәлле, тәлим-тәрбия дизими көрсетиледи.

Президентимиз инсанның руўхый дүньясын менсинбеўшилик, оны екилемши орынға қойыўдың илимий ҳәм әмелий жақтан пүткиллей надурыслығын дәлиллей отырып, төмендеги жуўмаққа келеди: инсан өзинде ҳәм материаллық, ҳәм мәнәўий қәсийет ҳәм белгилерди жәмлестирген әжайып дөретпе, жаратқанның уллы ҳәм сырлы қүдретиниң көриниси. Соның ушында оның ишки дүньясы, оған берилген пәзилет ҳәм қәсийетлерди ақырына шекем аңлаў, түсиниўдиң өзи оғада қурамалы бир мәселе. Журтбасшымыз инсан өмиринде мәнәўийлик ҳәм материаллықтың диалектикалық ишки бирлигин илимий-философиялық таллай келе, төмендеги ҳешким тәрепинен бийкарлап болмас шынлықты ортаға қояды: **«… Инсанға тән үмит ҳәм умытылыўларды жүзеге шығарыў, оның саналы турмыс кешириўи ушын зәрүр болған материаллық ҳәм мәнәўий әлемди ушып баратырған қустың еки қанатына мегзетсек, ойлаўымшы, орынлы болады».**[28] Усы еки фактор өз-ара бириксе ҳәр бир адамның және пүткил жәмийеттиң турмысында өсиў – раўажланыў әмелге асады, инсанлардың турмысы жақсыланады, елдиң экономикасы ҳәм қүдирети күшейеди, халық аралық абыройы артады.

Мәнәўият инсанның, халықтың, жәмийеттиң ҳәм мәмлекеттиң уллы байлығы ҳәм күш қүдиретиниң дереги, бул өмирде мәнәўиятсыз ҳеш қандай адамыйлық мийрим шәпәәт, бахыт, әдиўли өмир болмаслығын атап көрсетип, Президентимиз «Жер жүзинде қанша

---

[28] Сонда 67 бет.

инсан, қанша тәғдир болса, ҳәр бириниң өз мәнәўий әлеми бар. **Мәнәўиятты түсиниў, аңлаў ушын әўўели инсанды түсиниў, аңлаў керек»,**[29] деген терең мазмунлы жуўмақ шығарады. Усылайынша инсан ҳәм мәнәўият диалектикасы ашып бериледи. Инсан кәмил, жәмийет жетилиспен болыўы ушын мәнәўият жоқарылаўы тийис. Ал, өз гезегинде кәмил инсан ғана жоқары мәнәўиятты жарата алады, жетик жәмийет жоқары мәнәўий раўажланыўға жол ашады.

Журтбасшымыз пикиринше, жәмийетте мәнәўият қаншелли жетилискен болса, раўажланыў соншелли табыслы болады. Соның ушында, миллий-мәнәўий тиклениўге, мәнәўият саласындағы реформаларға биринши дәрежели ўазыйпа сыпатында қараў лазым. Президентимиз өз шығармаларында бул мәнәўий реформалардың елимиздиң раўажланыўының ҳәр түрли басқышларындағы стратегиялық бағдарларын ашып көрсетпекте.

Президентимиз Ислам Кәримовтың «Жоқары мәнәўият – жеңилмес күш» ҳәм басқада мәнәўият мәселесине арналған басқада шығармаларындағы пикирлерди анализлей отырып, мәнәўиятқа тән болған төмендеги айрықшалықларды көрсетиў мүмкин:

- Мәнәўият адамлар арасындағы мүнәсийбетлерди ҳәм байланысларды тәртипке салыўшы қағыйдалар системасы.
- Мәнәўият қәдриятлар, үрип-әдетлер, дәстүрлер, идеаллар, әдиўли идея ҳәм мақсетлер дизими.
- Мәнәўият әдеп-икрамлылық, мәдeният, мәрипет, философия, дин ҳәм тәлим-тәрбия дизиминен ибарат бир тутас руўхый қубылыслар топламы.
- Мәнәўият мәнәўий процеслер, инсанның өзин ҳәм оны қоршаған орталықты жетилистириўге қаратылған дөретиўшилик искерлиги ҳәм оның нәтийжелери.
- Мәнәўият инсанның кәмиллигиниң, оның руўхый дүньясының жетилисиўиниң дәрежеси.
- Мәнәўият инсанларға тән болған мәнәўий талаплар ҳәм принциплер, Адам өмрин белгилеўши өлшемлер дизими.
- Мәнәўият негизинде халықтың әдиўли идеялары қәлиплеседи, ол тийкарда миллий идея ҳәм идеология, сол тийкарда сиясат жүзеге шығады.

Жоқары мәнәўиятқа тийкарланған сиясат жәмийеттиң раўажланыўын, ондағы турақлылық ҳәм татыўлықты тәмийинлейди.

Журтбасшымыз Ислам Кәримовтың «Жоқары мәнәўият – жеңилмес күш» атлы мийнетиниң жарыққа шығыўы мәнәўияттаныў пәнин белгили бир өзине тән категория ҳәм нызамлар, түсиниклер ҳәм принциплер системасы сыпатында баян етиўге мүмкиншилик берди. Олардың мәнис-мазмунын ҳәм формаларын баян етиўдиң ҳәм классификациялаўдың илимий-методологиялық тийкары дөретилди. Бул пәнниң тийкарғы категориялары болып мәнәўият, идея, идеология, мәдeният, мәрипет, дин, әдеп-икрамлық, гөззаллық түсиниклери болады. Бул улыўмалық категориялардың ҳәр қайсысын характерлейтуғын оғада көплеген түсиниклер бар болып, оар халқымыздың мәнәўий әлеминиң оғада бай екенлигин көрсетеди. Президентимиз айтқанындай миллий мәнәўиятымызды сүўретлейтуғын меҳр-ақыбет, меҳр-мухаббат, меҳр-шәпәәт, қәдир-қымбат усаған түсиниклер бар болып оларды басқа халықлардың тиллерине аўдарыўдың өзи қыйын машқала. Журтбасшымыздың пикирлеринен келип шыға отырып мәнәўий раўажланыўда «мәнәўий ҳәм материаллық турмыстың уйғынлығы нызамы», «мәнәўияттың инсан ҳәм жәмийет пенен ажыралмас байланыслылығы нызамы», «мәнәўий турмыстың жәмийетлик раўажланыўға байланыслылығы нызамы»ларының оғада әҳмийетли роль атқаратуғынлығын көрсетиў мүмкин.

Жуўмақластырып айтқанда, Президентимиз елимизде жаңа демократиялық пуқаралық жәмийет қурыў ушын мәнәўий тиклениў ҳәм раўажланыўдың шешиўши ролин айқын көре отырып:

---

[29] Сонда 29 бет.

*Биринширен,* мәнәўият қубылысының, мәнис-мазмунына, жәмийет ҳәм инсан өмириндеги орнына ҳәр тәреплеме илимий анализ жасады, сөйтип мәнәўият ҳаққында миллий философиялық ой-пикирде жаңа бағдарды баслап берди;

*Екинширен,* мәнәўият, идеология, мәрипет, тәлим-тәрбия саласындағы алда турған түпкиликли ўазыйпаларды белгилеп берди, оны әмелге асырыўдың ҳәм илимий изертлеўдиң методологиялық принциплерин ислеп шықты;

*Үшинширен,* мәнәўий тиклениў ҳәм раўажланыў саласындағы бул машқалаларды шешиўге, теориялық концепсияларды реал турмысқа енгизиўге тиккелей өзи басшылық етти.

## 3. Президент Ислам Каримов тәрепинен миллий идея ҳәм миллий идеология концепциясының дөретилиўи

Елимизде демократиялық, пуқаралық жәмийетти қәлиплестириўде, бул жәмийетте жасайтуғын кәмил инсанларды тәрбиялаўда миллий идея ҳәм идеологияның орны айрықша. Президентимиз Ислам Каримов бул мәселениң әҳмийетине дыққат аўдарып былай деген еди: «Миллий идея, миллий идеология өзи не дегени, оның мәнис мазмуны, биз ушын әҳмийети неде, деп жүргенлерде аз емес.

Сол көз-қарастан қарағанда, **биз миллий идея, миллий идеология не ушын, ким ушын керек, оның мәнис-мазмуны неден ибарат, деген әҳмийетли мәселеге және бир мәрте айдынлық киритип алыўымыз дәркар.**[30] Мине усы көрсетпелерден келип шыға отырып, авторлар бул мәселе туўралы сөз етиўди оған тийисли тийкарғы түсиниклерди баян етиўден баслаўды мақул деп есаплайды.

«Идеология» түсиниги (грекше «идея» - түсиник, «логос» - тәлиймат) идея ҳаққында тәлиймат дегенди билдиреди. Бул атама ең дәслеп француз философы ҳәм экономисти Дестют де Траси Антуан Луи Клод (1754-1836) тәрепинен XVIII әсир ақырында «Идеология элементлери» атлы мийнетинде илимий айланысқа енгизилген. Ол идеология термини арқалы сиясат, әдеп-икрамлылық, экономика ҳәм ҳуқық тийкарлары ушын беккем фундамент қурыў жолларын көрсетип бермекши болған.

“Мафкура” (идеология) атамасы арабша сөз болып көз-қарас ҳәм исенимлер, ўазыйпаға бағдарлаўшы, бирлестирилген идеялар дизими деген мәнисти билдиреди. Оннан да бурынырақ түркий халықлардың тилинде усы мәнистеги пикирди билдириў ушын «ўғ», «үгит» сөзлери қолланылған.

Ҳәзирги заманда дүньялық көлемде төмендеги идеологиялық концепциялар белгили: либерализм ҳәм неолиберализм, консерватизм ҳәм неоконсерватизм, социал-демократиялық, коммунистлик, миллий, экологиялық-сиясий, диний-сиясий идеологиялар.

Миллий идеологиялар дүньялық колониалылық системаның қыйраўы, жас ғәрезсиз миллий мәмлекетлердиң пайда болыўы ҳәм олардың қарамлылықтан шығыў ушын гүреси, өзлериниң дүньядағы орнын ийелеўге умтылыўы процессинде қәлиплести. Миллий идеология халықларға ҳақыйқый ғәрезсизликке ерисиў жолын, өзлигин аңлаў ҳәм миллий менталитетин басшылыққа алыў арқалы жаңа демократиялық жәмийет қурыў усылларын белгилейди. Миллий ғәрезсизлик идеясы ҳәм миллий идеология Өзбекстанда ылайықлы түрде басшылықа алынып әмелге асырылмақта. Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримов миллий ғәрезсизлик идеологиясын илимий ҳәм ҳәр тәреплеме изертлеўши, оның тийкарғы принциплерин, идеяларын айқын баян еткен атақлы сиясатшы алым сыпатында дүньяда тән алынды.

Оның шығармаларындағы қағыйдалар миллий ғәрезсизлик идеологиясы концепциясын ислеп шығыўға илимий, методологиялық тийкар болып хызмет етпекте.

Ҳәр қандай идеология идеялар системасынан турады. Идеялар жәмийет турмысында соншелли уллы роль атқарады, ҳәтте, адамзат тарийхы-идеялар тарийхынан ибарат, десек оғада орынлы болады.

«Идея» - грекше сөз болып, ол түр, көринис, образ, усыл деген мәнисти билдиреди. Адамлар өмиринде идея адамлардың алға қойған мақсетин ҳәм келешигин өзинде сәўлелендиретуғын түсиниклери, пикирлери болып есапланады. Илимдеги, дүньяны билиў процессиндеги идеялар тәбият ҳәм жәмийеттеги байланысларды ҳәм нызамлылықларды сәўлелендирип, оларды тағыда тереңирек билиўге қаратылған болады. Идеялар ойлаўдың қатып қалған формасы емес, ал олар раўажланып жетилисип барады. Идеялардың раўажланыўы ҳәр қыйлы дәрежеде болыўы мүмкин. Мәселен, биреўлери дурыслығы дәлийлленген шынлық дәрежесинде болса, екиншилери, гипотеза, итималлық ҳалында

[30] И. Каримов. Миллий мафкура-давлатимиз ва жамиятимиз қурилишида биз учун руҳий-маънавий куч-қувват манбаи. Асарлар, 8-том. Т., «Ўзбекистон», 2000, 464-бет

болыўы мүмкин. Илим ҳәм практиканың раўажланып барыўында бунындай итималлық характериндеги идеялардың дурыслығының дәлийллениўи, сөйтип, исенимли теорияға айналыўы мүмкин. Демек, идея инсанның ой-пикириниң жемиси. Жәмийетлик идеялар адамлар турмысында пайда болатуғын ҳәр қыйлы проблемалар ҳаққында пикир болады. Идеяның қәлиплесиўинде инсанлардың мәнәўияты шешиўши негиз ролин атқарады. Миллий мәнәўияттың мәнис-мазмуны, өзине тән өзгешелиги миллий идеяда, миллий мәдениятта сәўлеленеди. Идея өзинде жаңалықты сәўлелендирип, қубылыстың келешегин көрсетип турады. Усы көз-қарастан қарағанда идея жәмийетте оғада үлкен бағдарлаўшылық роль атқарады. Идея тийкарында идеология қәлиплеседи. Идеология белгили бир жәмийетлик топар, социаллық қатлам, миллет, халық ҳәм жәмийеттиң талап-мақсетлерин, мәплерин, арзыў-үмитлерин ҳәм оларды әмелге асырыў принциплерин өзинде сәўлелендиретуғын идеялар дизими болады Ал жәмийетлик идеялар сиясий, ҳуқықый, диний, әдеп-икрамлылық, эстетикалық, философиялық көзқараслар ҳәм пикирлер түринде жүзеге шығады. Идеология олардың бир пүтин системасы. Президентимиз идея, идеология, сиясат түсиниклериниң раўажланыў диалектикасын көрсетип былай деген еди: «Алдын идея пайда болады, оннан кейин идея тийкарында идеология, идеология тикарында система, сиясат пайда болады».[31]

Идеология жәмийет турмысын, адамлар искерлигин тәртипке салады, идеялардың әмелге асыўын тәмийнлейди. «Идея-мақсет болса, идеология оны әмелге асырыў усылы-қуралы болады»,[32] - деген алымларымыз пикиринде терең мәнис бар.

Демек, идеология идеяға қарағанда мазмуны жағынан көлеми кеңирек және толығырақ болады, ол белгили мақсетти орынлаўға қаратылған, интегративлик, комплекслик пикирлер дизими. Бул идеологияның өзине тән биринши өзгешелиги. Екиншиден, идеологияда алға қойылған мақсетлер ашық түрде баян етиледи. Үшиншиден, ҳәр қандай идея белгили бир идеология системасында уйымластырыўшылық ҳәм бағдарлаўшылық күшке және әҳмийетке ийе болады Ҳәр қандай идеология ҳәзир бар болған жәмийетлик қатнасықларды сәўлелендиреди, болып атырған ҳәм болыўы мүмкин болған процесслерге баҳа береди, жасап турған жәмийетлик қатнасықлардан нелерди сақлап қалыў керек ҳәм нелерди өзгертиў кереклиги туўралы жуўмақ шығарады. Жәмийеттиң раўажланыўында ҳәр түрли мақсет ҳәм мәплер түрли идеологиялық қураллар менен әмелге асырылады. Инсанлар, халықлар ҳәм жәмийетлер турмысында басшылыққа алынған идеология оғада әҳмийетли орын тутады. «Идеология болмаса адам, жәмийет, мәмлекет өз жолын жоғалтып алыўы сөзсиз».[33] Ол жәмийеттиң белгилеп алған мақсетине қарай раўажланыўына бағдар береди. Журтбасшымыздың оғада дурыс көрсеткениндей, **«миллий идеология - бул халықтың, миллеттиң отта жанбайтуғын, суўда батпайтуғын өлмес исеними болып табылады».**[34]

Идеология инсан исенимисиз әмелге аса алмайды. Инсан исеними мәселеси оғада әҳмийетли болып, оның қәлиплесиўи жәмийетлик факторларға байланыслы. Бул мәселеге итибардың артып барыў себеби сонда, инсандағы идеологиялық иммунитеттиң қәлиплесиўинде ондағы әдиўли идея ҳәм ийман исеними оғада әҳмийетли болады. Егер биз жасларымызды балалықтан баслап адамгершиликли идеяларға беккем исеним ҳәм дүньяға илимий көз-қарасты қәлиплестире алсақ, онда олар руўхы бай, ғәрезсиз пикир жүргизетуғын әжайып инсанлар болып камалға келеди. Инсанның исеними оның жәмийеттеги мине-қулқын белгилеўши фактор болғанлықтан, оны қәлиплестириўде

---

[31] Сонда, 465 бет

[32] С. Мамашакиров, Ш. Тоғаев. Эркин ва фаровон ҳаёт қурилишининг ғоявий-мафкуравий масалалари. Т., «Маънавият», 2007, 7-бет

[33] И. Каримов. Миллий истиқлол мафкураси-халқ эътиқоди ва буюк келажакка ишончдур. Т., «Ўзбекистон», 2000, 30 бет

[34] И. Каримов. Жамиятимиз мафкураси халқни-халқ, миллатни-миллат қилишга хизмат этсин. «Баркамол авлод орзуси» Т., «Ўзбекистон миллий энциклопедияси», 2000, 32 бет.

жәмийет ҳәм жәмәәтшилик, бәринен бурын шаңарақ, тәрбия ҳәм жоқары оқыў орынлары, мәҳәлле шешиўши роль атқарады.

Миллий идеология түсиниги кең мәнисли түсиник, ол миллеттиң, халықтың руўхый талабын, мақсети, арзыў-үмитлерин жәмлестириўши идеялар дизими. Миллий идея болса оның өзегин дүзеди. Миллий идеология- миллий идея негизинде қәлиплеседи. Миллий идеология болса миллий идеяны беккемлейди ҳәм әмелге асырады, олар бир пүтин организм. Тарийхқа нәзер тасласақ, халқымыз бәрҳама әдиўли идеяларды басшылыққа алып келген. Биз буны «Авесто» заманында да, ислам дәўиринде де, ғәрезсизлик жылларында да ашық айдын көремиз. Өйткени, идеология жәмийетте жасайтуғын адамлардың өмириниң мазмунын, олардың умтылыўларын өзинде жәмлестиреди. Адамзат тарийхындағы уллы ой ийелериниң бири Ф. М. Достоевский «жоқары идеясыз инсан да, миллетте жасай алмайды» деген еди.

Миллий идея-миллеттиң өтмиши, бүгини ҳәм ығбалын өзинде жәмлестиретуғын, оның түпкиликли мәплерин ҳәм мақсетлерин сәўлелендирип раўажланыўға хызмет ететуғын жәмийетлик идея болып табылады. Ол халық ҳәм миллеттиң бүгинги ҳәм келешекте шешилиўи керек болған ўазыйпаларын өзинде сәўлелендирип турады.

Миллий идеология - бул халқымыздың басқаларға ғәрезли болмай, азат ҳәм абат, еркин ҳәм пәрәўан жасаўына қаратылған, халқымыздың келешигин, арзыў-үмитлерин белгилейтуғын идеялар системасы болып есапланады. Оның ең әҳмийетли ўазыйпаларынан бири Ўатанға шын берилген кәмил инсанды тәрбиялаў, яғный Президентимиздиң сөзи менен айтқанда, жаңаша, еркин пикирлейтуғын, басқаларға ғәрезлилик ҳәм жүрексизлик сезимлеринен пүткиллей аўлақ, ғәрезсиз инсанды тәрбиялаўдан ибарат.

«Миллий ғәрезсизлик идеясы: тийкарғы түсиниклер ҳәм принциплер» атлы китапта журбасшымыз Ислам Каримов пикиринен келип шыға отырып, миллий ғәрезсизлик идеологиясына төмендегише анықлама берилген: «Өзбекстан жәмийетиниң миллий ғәрезсизлик идеологиясы, өз мәниси бойынша, халқымыздың тийкарғы мақсет-муддаларын сүўретлейтуғын, оның өтмиши ҳәм келешегин бир-бири менен байланыстыратуғын, әсирлер даўамында ортаға қойылып киятырған арзыў-әрманларын әмелге асырыўға хызмет қылатуғын идеялар дизиминен ибарат».[35] Миллий ғәрезсизлик идеологиясының бас идеясы-азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм параўан турмысты қәлиплестириўден ибарат. Ўатанның гүллениўи, халық параўанлығы, кәмил инсан, жәмийетлик бирге ислесиў, миллетлер ара татыўлық, динлер ара баўыркеңлик (толерантлық) миллий ғәрезсизлик идеологиясының тийкарғы идеялары болып, олардың мәнис-мазмунын халқымыз, әсиресе, жасларымыз қәлбине ҳәм санасына сиңдириў, оларды әмелге асырыўң реал ҳәм конкрет жолларын ҳәм усылларын үйретиў ҳәзирги күнниң ең әҳмийетли ўазыйпасы болып есапланады. Бул әдиўли истиң жәмийетлик ролине баҳа берип Президентимиз былай деген еди: **«Миллий идея болса, мақсет айдынласады. Әдиўли мақсет болатуғын болса ҳәр бир адамды алда турған ўазыйпаны орынлаўға таяр турыўға шақырады, жәмийетти тағыда бирлестиреди. Өз миллий идеясы, миллий идеологиясына ийе болған мәмлекет беккем, қүдиретли ҳәм абат болады».**[36]

Президентимиз Ислам Каримов биринши мәртебе **1993 жылы 23 апрель күни бир топар жазыўшылар менен ушырасыў** ўақтында, соңынан сол жылы 6-майда Өзбекстан Республикасы Жоқарғы кеңесиниң XII сессиясында сөйлеген сөзинде миллий ғәрезсизлик идеологиясын дөретиў ўазыйпасын алға қойды. «Алдымызда турған ең әҳмийетли мәселе-деди ол сессияда, - бул миллий ғәрезсизлик идеологиясын ислеп шығыў ҳәм турмысымызға сиңдириў болып табылады».[37] Журтбасшымыз буннан алдын жазған шығармаларында ҳәм сөйлеген сөзлеринде тиккелей идеология терминин қолланбаған

[35] Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар. Т., «Ўзбекистон», 2000, 43 бет.

[36] И. Каримов. Миллий мафкура-давлатимиз ва жамиятимиз қурилишида биз учун руҳий-маънавий куч-қувват манбаи. Асарлар, 8-том. Т., «Ўзбекистон», 473 бет.

[37] И.А. Каримов. Ғәрезсизлик ҳәм руўхыйлық. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1997, 89 бет.

менен, ҳаслында идеологиялық әҳмийетке ийе ўазыйпаларды дәслептен ортаға қойып келди. Оның «**Өзбекстанның өз жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы**» (1992) атлы шығармасында миллий ғәрезсизлик идеологиясы ушын теориялық негиз бола алатуғын пикирлер айтылды. Шығарманың «Ғәрезсиз Өзбекстанның раўажланыўының руўҳый-әдеп-икрамлылық тийкарлары» деп аталатуғын төртинши бабында сөз етилген улыўма инсаный қәдриятларға садықлық, халқымыздың мәнәўий мийрасын тиклеў ҳәм раўажландырыў, инсанның мүмкиншиликлерин еркин әмелге асырыў, ўатансүйиўшилик ҳаққындағы ой-пикирлери ғәрезсизлик идеологиясының мәнис-мазмунын белгилейтуғын режелер еди.[38] 1992 жылы июлде болған Жоқары кеңестиң Х сессиясында айтқан мына сөзлери идеологияның жәмийеттеги ролин билдиретуғын пикир еди: «бүгинги күнде халықты бирлестиретуғын ислер ҳәм идеялар аз емес. Олардың ишинде ең уллысы, ең ағласы-Өзбекстан Республикасының ғәрезсизлигин тәмийнлеў. Мине усы мақсет, мине усы идея дөгерегинде бирлессек, ҳеш қашан хор болмаймыз, әзиз ўатанласлар».[39]

1993 жылы 7-декабрде Президентимиз Ислам Каримов **Өзбекстан Республикасының Конституциясының 1 жыллығына арналған салтанатта сөз** сөйледи. Онда ол миллий ғәрезсизлик идеологиясын миллий зәрүрлик дәрежесине көтериў кереклигин атап көрсетти. «Идеологиялық мәселени шешпей турып, оны ис жүзинде әмелге асырмай турып, Конституция белгилеп берген мақсетлерге ерисиў, өзимиздиң алдымызға қойған талапларға жуўап бериў қыйын болады. Миллий идеологияны санамызға сиңдириўши әмелий бағдарламаны жолға қойыў керек».[40]

Өзбекстан Республикасы биринши шақырық Олий Мажлисиниң 1995 жылы 25-февралда болған биринши сессиясында журтбасшымыздың «**Өзбекстанның жәмийетлик-сиясий ҳәм экономикалық раўажланыўының тийкарғы принциплери**» атлы баянатында жоқары мәнәўият келешектиң тийкарғы фундаменти сыпатында анализленеди, базар экономикасы менен мәнәўий-әдеп-икрамлылық мәселелерин өз ара байланыста қараў кереклиги дәлийллеп көрсетиледи. Президентимиздиң өз баянатында ғәрезсизлик идеологиясына кең түрде түсиник берип, былай деген еди: «Бул түсиник бәринен бурын төмендегилерди аңлатады:

- Өзбекстанның ғәрезсизлигиниң келешеги ҳаққында ғамхорлық етиў;
- Өзиңниң ҳәм халқыңның, өз Ўатаныңның қәдир-қымбатын, оларды қорғаў зәрүрлигин аңлаў уқыбы;
- Жоқарғы идеялар, жаңа интелектуаллық ашылыўлар, ийгиликли мақсетлерге бағышланған мийнет, Ўатанның келешеги ушын өзиңниң талантыңды, өзиниң барлық имканиятларыңды, күш жигериңди, керек болса, өмириңди бериўге таяр турыўшылық».[41]

1995 жылы «**Өзбекстан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында**» атлы Ислам Каримовтын көлемли мийнети жарыққа шықты. Онда экономикалық реформаларды әмелге асырыўдың түпкиликли мәселелерин анализлениў менен бирге, базар қатнасықларына өтиў жоқары мәнәўиятты талап ететуғынлығы дәлийллеп көрсетилди.

Журтбасшымыз идеология ҳаққындағы пикирлерин бул мийнетте тағыда алға илгерилетти. Бул шығармада биринши рет «улыўма халықлық миллий ғәрезсизлик идеологиясы» деген түсиникти илимий айланысқа енгизди. Бул жаңа түсиниктиң мәниси соннан ибарат, миллий ғәрезсизлик идеологиясы тек өзбек халқының идеологиясы ғана емес, ал Өзбекстанда жасаўшы 140 қа жақын барлық халықлардың идеологиясы болады. Миллий ғәрезсизлик идеологиясы Өзбекстанның барлық халқының мәплерин ҳәм келешекке умтылыўларын баян етеди. Бул китапта миллий ғәрезсизлик идеологиясының

[38] И. А. Каримов Өзбекстанның өз жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы. Нөкис «Қарақалпақстан» 1993, 70-85 бетлер

[39] И. А. Каримов Истиқлол йўли: муаммо ва режалар. Т., «Ўзбекистон» 1992, 9-10 бетлар

[40] И. А. Каримов. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т., «Ўзбекистгон» 1996 216 бет

[41] И. А. Каримов. Өзбекстанның жәмийетлик-сиясий ҳәм экономикеалық раўажланыўының тийкарғы принциплери. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991, 32-бет.

мәнисин ҳәм ўазыйпаларын баян етип былай деди: «**Халқымыздың әсирлер даўамында жасап келген дәстүрлери, үрип-әдетлери, тили ҳәм руўҳы негизине қурылған миллий ғәрезсизлик идеологиясы улыўма инсаный қәдриятлар менен беккем уйғынласқан ҳалда келешекке исеним сезимин адамлар қәлби ҳәм санасына жеткериўи, оларды Ўатанға мухаббат, инсанпарўарлық руўхында тәрбиялаўы, мәртлик ҳәм сабыр-тақаатлылықты, әдалат сезимин, билим ҳәм мәрийпетлиликке умтылыўды тәрбиялаў жолында хызмет қылыўы лазым**».[42] Ол, Президентимиздиң пикиринше, адамларымыздың уллы мақсет жолында мәнәўий жақынласыўына көмеклесиўи, еркин ҳәм жаңаша пикир жүргизиў уқыбына ийе болыўына жәрдемлесиўи керек.

Президентимиз Ислам Каримовтың идеология мәселелерине бағышланған мийнетиниң ишинде «Тафаккур» журналының бас редакторының сораўларына жуўаплары болған «**Жәмийетимиз идеологиясы-халықты-халық, миллетти-миллет қылыўға хызмет етсин**» (1998) атлы мийнети айрықша орын тутады, онда идеология ҳаққындағы мәселениң териялық ҳәм әмелий тәреплери избе-из, бир пүтин оғада терең анализленген. Бул шығармада идеологияның мәниси, миллий ғәрезсизлик идеологиясының негизлери, ўазыйпалары, оны дөретиўдиң жоллары айқын көрсетип берилди. Идеологиялық тәрбияның бағдарлары ашып берилди ҳәм сол тийкарда жәмийетлик пикирди қәлиплестириў ўазыйпалары баян етилди.

Президентимиздиң пикиринше, жәмийеттиң, халықтың анық-раўшан идеологиясы болмаса, мақсетлер анық белгиленбесе, алда турған бул әдиўли ўазыйпаларды шешип болмайды. Өйткени «мақсет дегени-халықты, миллетти бирлестириўши, жолға баслаўшы байрақ болады».[43] Бул байрақ пүткил Өзбекстан халқының руўхын, миллий мақтанышын, арзыў-үмитлерин, қүдиретин өзинде сәўлелендиретуғын, халықты-халық, миллетти-миллет қылатуғын жеңилмес күшке айланыўы лазым. Журтбасшымыз бул мийнетинде жәмийет идеологиясы түсинигине төмендегише анықлама берди: «Адамлардың мың жыллар даўамында қәлиплескен дүньяға көз-қарасына, минталитетине тийкарланған, әйни ўақытта сол халық, сол миллеттиң келешегин гөзлеген ҳәм оның дүньядағы орнын анық-раўшан белгилеп бериўге хызмет қылатуғын, кешеги ҳәм ертеңги күн ортасында көпир болыўға уқыплы идеяны мен жәмийет идеологиясы деп билемен».[44] Жәмийетимиз идеологиясы журтымыздағы әпиўайы инсанлардың мәпин өзинде сәўлелендириўи, оларға тыныш, пәраўан, қурғын тумыс қурыўда күш-ғайрат дереги болыўы керек.

Президентимиздиң бул шығармасында көрсетилиўинше, миллий ғәрезсизлик идеологиясын қәлиплестириў ушын төмендегилерди басшылыққа алыўымыз шәрт:

Бириншиден, бул процессти елимиздиң бүгинги күни, өтмиши, келешиги ҳаққында қайғыратуғын, Ўатанның тәғдирин өзиниң тәғдири деп билетуғын кең жәмәәтшиликтиң алдынғы қатар дүньяға көз-қарасына ҳәм ой-пикирине тийкарланыўы лазым.

Екиншиден, миллий тарийхымыз ҳәм улыўма адамзатлық раўажланыўға уллы үлес қосқан ойшылларымыздың идеология ҳаққындағы илимий мийрасын, философиялық ой-пикирлерин үйрениўимиз керек. Әлбетте, бунда Абу Нәсир Фарабий, Беруний, Ибн Сина, Аҳмәд Яссавий, Алишер Наўайы, Баҳауддин Нақшбанд, Нажмиддин Кубра усаған бабаларымыздың усы мәселеге қатнасы бар шығармаларын изертлеўимиз лазым.

Үшиншиден, миллий ғәрезсизлик идеологиясын қәлиплестириў ушын адамзат жәмийетиниң раўажланыў нызамлықларын терең үйрениў, оның тарийхындағы жетилисиў ҳәм қыйраў дәўирлерин, әсиресе, кризислерден аман сақлап қалыўшы жәмийетлик-мәнәўий факторларды ҳәр тәреплеме изертлеў ҳәм оннан жуўмақлар шығарыў керек.[45]

Журтбасшымыздың пикиринше миллий идея, миллий идеология төмендегилерди өзине сәўлелендириўи ҳәм мына талапларға жуўап бериўи керек:

---

[42] И. Каримов. Буюк келажак сари. Т., «Ўзбекистон», 1998, 311 бет

[43] И. Каримов. Жамиятимиз мафкураси халқни-халқ, миллатни-миллат қилишга хизмат этсин. «Баркамол авлод орзуси» Т., «Ўзбекистон миллий энциклопедияси», 2000, 36 бет

[44] Сонда, 36 бет

[45] Сонда, 36-37 бетлер

Биринш<u>иден,</u> өзлигимизди, муқаддес дәстүрлеримизди аңлаў сезимлерин, халқымыздың көп әсирлер даўамында қәлиплескен әдиўли арзыў-әрманларын, жәмийетимиз алдында бүгин қойылған әдиўли ўазыйпаларды өз ишине қамтып алыўы шәрт.

Екинш<u>иден,</u> бүгин бар болған хәр қыйлы пикирлер хәм идеялар, еркин көз-қараслардан, хәр қандай қатламлар хәм топарлардың умтылыўлары хәм үмитлеринен, хәр қандай инсанның исеними хәм дүньяға көз-қарасынан ғәрезсиз олардың барлығын бирден-бир миллий байрақ әтирапына бирлестиретуғын, халқымыз хәм мәмлекетимиздиң бузылмасылығын сақлайтуғын, ел-журтымызды ең уллы мақсетлерге қарай бағдарлайтуғын бирден-бир идея-идеология болыўы шәрт.

Үшиншиден, миллий идеологиямыз хәр қандай миллетшилик хәм усыған усаған иллетлерден, басқа журт хәм халықларды менсинбеўшилик, оларды кемситиў кейиплеринен хәм көз-қараслардан пүткиллей аўлақ болып, қоңсы мәмлекетлер хәм халықаралық майданда өзимизге ылайық хүрмет хәм иззетке ийе болыўда фундамент хәм қоллап-қуўатлаўшы болыўы дәркар.

Төртиншиден, миллий идея биринши нәўбетте жас әўладларымызды ўатан-парўарлық, ел-журтқа садықлық руўхында тәрбиялаў, олардың қәлбине инсанпәрўарлық хәм инсаныйлық пазыйлетлерди сиңдириўдей ийгиликли ислеримизге мәдет бериўи зәрүр.

Бесиншиден, ол Ўатанымыздың даңқлы өтмиши хәм уллы келешигин ажыралмас байланыстырып турыўға, өзимизди уллы ата-бабаларымыздың өлмес мийрасының ылайықлы мийраслары деп сезиўге, соның менен бирге, жәхан хәм заманның улыўма адамзатлық табысларына ерисиўге жол ашып беретуғын хәм сол мақсетлерге бәрхама бизди баслайтуғын идея болыўы керек.[46]

Миллий идея хәм миллий идеология күшимизге күш, ғайратымызға ғайрат, Өзбекстанның келешегиниң уллылығына исеним пайда етиўи, ел-журтты уллы мақсетлер әтрапында бирлестириўи кереклиги Президентимиз Ислам Каримовтың «**Миллий идеология-мәмлекетимиз хәм жәмийетимиз қурылысында биз ушын руўхый-мәнәўий күш-қуўат дереги**» (2000) атлы фундаментал шығармасында[47] тағыда айқынырақ көрсетип берилди. Биз ғәрезсизликке ерискен дәслепки күнлерден баслап миллий идеология мәселесине айрықша итибар берип келмектемиз. Өйткени, миллий ғәрезсизлик, азатлық, еркин турмыс қурыў жолы машақатлы жол екени хәммеге белгили. «... Мине усы өзимиз таңлаған ғәрезсиз раўажланыў жолында анық шеклерди гөзлеп жасаўымызда, **түпкиликли мақсетимиз болған азат хәм абат ўатан, еркин хәм пәраўан турмыс қурыў бойынша умтылыўларымызда биз ушын руўхый-мәнәўий күш-қуўат дереги, илимий тийкар-бул миллий идея, миллий идеологиядур».**[48] Әлбетте, бул мәселе бойынша түрли көз-караслар, пикирлер болыўы орынлы. Өйткени, Президентимиз атап көрсеткениндей, пикир бар жерде бәсеке болады, бәсеке бар жерде хақыйқат жүзеге шығады.

Журтбасшымыз бул мийнетинде миллий идея, миллий идеология не ушын керек, ким ушын керек, оның мәнис-мазмуны нелерден ибарат деген мәселеге тағы бир мәртебе айдынлық киритип алыў зәрүрлигин айта келип, бул мәселе бойынша алда турған ўазыйпаларды төмендегише баян етти:

Биринш<u>иден,</u> өзиниң ертеңги күнин көрмекши хәм қурмақшы болған хәр бир халық әлбетте өз миллий идеясына сүйениўи хәм таяныўы зәрүр. Өйткени, «**мәмлекет дизими,**

[46] Сонда, 38 бет

[47] Президентимиз Ислам Каримовтың 2000 жыл 6-апрелде миллий ғәрезсизлик идеологиясының концепциясының тийкарғы принциплерине бағышланып илимий хәм дөретиўшилик жәмәәтшилиги ўәкиллери менен ушырасыўда сөйлеген сөзи.

[48] И. Каримов. Миллий мафкура давлатимиз ва жамиятимиз қурилишида биз учун рухий-маънавий куч-қувват манбаи. Асарлар, 8-том. Т., «Ўзбекистон», 2000, 463 бет

**оны басқарыў ҳәм алып барылып атырған сиясат әўели анық ҳәм раўшан сүўретленген идеология негизинде қурылыўы лазым…».**[49]

Буннан шығатуғын жуўмақ соннан ибарат, биз бәринен бурын қандай жәмийет қурмақшымыз, бизиң келешегимиз қандай болады, деген саўалларға жуўап беретуғын идеяларды ортаға қойып, сол тийкарда идеологиямызды қәлиплестирип, адамларымызды ондағы мақсетлерди орынлаўға бирлестириўимиз керек.

Екиншиден, ҳәзирги дәўир-бул тоталитарилистлик дүзимнен халқымызға еркинлик ҳәм азатлық беретуғын демократиялық дүзимге өтиў дәўири болып табылады. Бул дәўирдиң өзине тән қыйыншылықлары ҳәм тосықлары бәршеге айқын болмағы дәркар. «**Халқымыз ҳәм жәмийетимизди мине усы дәўирде жаңа шеклерге баслаў, шақырық қылыўда мақсетлеримиз анық болыўы керек. Бундай мақсетлерге болса әўели терең ойланылған ҳәм пухта ислеп шығылған идеология тийкарында ерисиў мүмкин**».[50]

Үшиншиден, ҳәзир турмысқа кирип киятырған жасларымыз қандай идея тийкарында тәрбия алыўы, қандай ийгиликли мақсетлерге умтылыўы керек? Қандай идеология ҳәм ой-пикир олар ушын қурал болып хызмет қылмағы лазым-мине усы саўалларға жуўап табыўымыз керек.

Төртиншиден, биз пүткил сиясатымызды алып барыўда өз жолымызды жойтып алмаў ушын идеялық бослыққа жол қоймаўымыз тийис. Өйткени, ең күшли гүрес идеология майданында алып барылмақта. Президентимиз елимизди қорғаўға армиямыздың, мәмлекетимиздиң күш-қудиретиниң жетерли екенин айта келип, мына пикирди айрықша ортаға қояды: «лекин **мени еле сүйеги қатпаған, санасы енди ғана қәлиплесип киятырған перзентлеримиздиң жат идеялар тәсирине түсип қалыў мүмкиншилиги көбирек қәўетерге салады. Жасларымыздың гейде өтирик идеялар арқасынан ерип баратырғаны биз ушын ең үлкен қәўип, десем асырып айтқан болмайды**

Соның ушын да оларды асыраўымыз, бүгинги күнимиз ушын, келешегимиз ушын суўдай, ҳаўадай зәрүр болған миллий идея, миллий идеология ҳаққында қатаң бас қатырыўымыз керек».[51]

Бесиншиден, миллий идея миллетимиздиң, халқымыздың өзлигин аңлаўына, өзиниң миллий қәдириятларын, үрип-әдетлерин жоғалтпастан, оларды тиклеп, абайлап, қәдирлеп жаңа өсип киятырған әўладқа жеткерип бериўи ушын хызмет қылыўы керек.

Алтыншыдан, миллий идеяның алдына қойылатуғын тийкарғы талаплар ҳаққында айтатуғын болсақ, дейди Президентимиз, -онда төмендеги оның еки сүйенген таўы-таянышы ҳаққында пикир жүритиўимиз тийис: «Биринши нәўбетте, **миллий идеологиямыз халқымыздың әзелий дәстүрлерине, үрип-әдетлерине, тилине, руўхыятына, бир сөз бенен айтқанда өз миллий қәдирятларымыз, халқымыздың дүньяға көз-қарасы ҳәм ой пикирине тийкарланып, усының менен бирге, заманға ылайық, улыўма адамзатлық, улыўма инсаный табыслардан азықланған, оларды өзине сиңдирип алған ҳалда, журт тынышлығы, Ўатанның гүллениўи, халық мәпи, оның пәраўанлығы жолында хызмет қылмағы дәркар**».[52]

Жетиншиден, миллий идеология ҳеш қандай формада мәмлекетлик идеология дәрежесине көтерилмеўи керек.

Журтбасшымыздың бул шығармасында идеологиялық гүрести жүргизиўдиң жоллары туўралы, атап айтқанда, оны әмелге асырыўда уллы алламаларымыздың пикирлери ҳәм тәжирийбелеринен пайдаланыў, әсиресе, олардың динди сиясий мақсетке пайдаланыўға қарсы шыққанлығын халқымыз, әсиресе, жасларымыз терең билиўлери лазым.

---

[49] Сонда, 464 бет
[50] Сонда, 465 бет
[51] Сонда, 466 бет
[52] Сонда, 466 бет

Президентимиз миллий идеологияны дөретиўде өзликти аңлаўдың ролине айрықша тоқтап, бул түсиникке төмендегише анықлама береди: «**Өзликти аңлаў дегенде, мен тарийхый қәтирени тиклеў, нәслимиздиң ким екенлигин, кимлердиң мийрасхоры екенимизди аңлап жетиўди, соннан келип шығып, өзимизге тән, өзимизге мас жәмийет дүзиўди түсинемен».**[53] Демек, биз өзимизге тән дүньяға көз-қарасымыз ой-пикиримиз турмыс тәризимиз, қайталанбас мәдениятымыз ҳәм қәдириятларымызға тийкарланып өзимизге тән ҳәм мас жол менен ҳуқықый-демократиялық мәмлекет қурамыз. Бул процессте миллий идея бирден-бир ҳәкимшилик етиўши идеология дәрежесине көтерилмейди, бирақ, миллий идея, миллий идеология түрли көз қарастағы барлық адамларды, партиялар ҳәм жәмийетлик шөлкемлерди журт тынышлығы, Ўатанның гүллениў ҳәм халық пәраўанлығы жолында бирлестириўши байрақ болады, миллет, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң улыўмалық мәплерин өзинде сәўлелендиреди. Президентимиз бул шығармасында **миллий ғәрезсизлик идеологиясы концепциясын** ислеп шығыў бойынша айрықша жумысшы топарын дүзиўди усыныс етти ҳәм оның ислеў принциплерин көрсетип берди. Бул мийнет миллий идея, миллий идеология мәселелерин изертлеўге, оның концепциясын ислеп шығыўға ҳәм методологиялық, ҳәм әмелий көрсетпе ролин атқарып келмекте.

Президентимиз Ислам Каримов «**Миллий ғәрезсизлик идеологиясы-халық инанымы ҳәм уллы келешекке исеним**» (2000 жыл) атлы «Фидакор» газетасының хабаршысының сораўларына жуўапларында жоқарыда сөз етилген идеология саласындағы мәселелерди тағыда раўажландырыўды ҳәм айдынластырды.

Президентимиздиң атап көрсетиўинше, идеология тек бүгин ғана емес ал барлық заманларда да ең әҳмийетил жәмийетлик-сиясий мәселе болып келген. Ол ғәрезсизлик дәўиринде халқымыз ушын оғада әҳмийетли мәселеге айналды. Өйткени, идеология жәмийетте жасайтуғын адамлардың өмир мазмунын, олардың умтылыўларын өзинде жәмлестиреди. «**Ҳәр қандай инсан әлбетте мурат мақсетсиз жасай алмайды.Өмир бар екен, мәмлекетлер, еллер ҳәм олардың мәплери бар екен, олар өз раўажланыў жолын, ертеңги күниниң келбетин өзиниң миллий идеясы, миллий идеологиясы арқалы белгилеп алыўға умтылады».**[54]

Президентимиздиң пикиринше, идеологияның жасағышлығы оның халықтың тәбиятына, турмыс-тәризине ҳәм ой-пикирине қаншелли сай келиўи менен, жәмийеттиң миллий мәплерин, арзыў-умтылыўларын қай дәрежеде сәўлелендириўи менен өлшенеди. Ҳәзирги заманда жүргизилип атырған идеологиялық гүрес көп нәрсени шешеди. Қүдиретли мәмлекет ҳәм сиясий орайлар өз мақсетлерине ерисиў ушын қурал жарақтан емес, ал өзи басып алмақшы болған, өз тәсир шеңберине киргизбекши болған мәмлекетлердиң халықларының санасын өзлерине бағынышлы етиў ушын умтылмақта. Мине сонлықтан, идеолоиялық бослыққа, жасларымыздың қәлбин ҳәм ой-пикирин зәҳәрлейтуғын бузғыншы идеологиялардың журтымызға кирип келиўине ҳеш қандай жол қойыўға болмайды. Шығармада «**идеология дүньясында бослыққа жол қойып болмаслығы, егер сондай жағдай жүз берген жағдайда бос қалған идеология майданынан бизге жат, арзыў-умтылыўларымызға пүткиллей жат идеялар орын ийелеўге урыныўы сөзсиз»**[55] екенлигин айрықша көрсетиле отырып, бул саладағы кешиктирип болмас ўазыйпалар белгиленген. Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларында елимиз пуқараларының белгили бир бөлеги идеологиялық тәрбиядан шетте қалған еди. Расын айтқанда, ҳәзирде айрым пухараларымыз, соның ишинде, бир қатар жасларымыз санасында идеологиялық бослықтың бар екенлиги бәршемизге мәлим. Сонлықтан, тийкарғы ўазыйпа сол бослықты жоқ етиў, жасларымыз санасын әдиўли идеялар менен толтырыў, оларды идеологиялық ҳүжимнен қорғаўдан ибарат. Өйткени, жоқарыда

[53] Сонда, 471 бет

[54] И. Каримов. Миллий истиқлоло мафкураси-халқ эътиқоди ва буюк келажакка ишончдур. Т., «Ўзбекистон», 2000, 6 бет.

[55] Сонда, 6-бет

айтқанымыздай ҳәзирги заманда ҳәр қыйлы күшлер арасындағы гүрес идеология майданында болып атыр. Ким өз идеологиясына басқаларды исендире алса сол жеңип шығады. Идеологиялық тәрбияны жүргизиўдеги баслы мақсет-өзимиздиң алып барып атырған сиясатымызға, алып барып атырған ислеримиздин дурыслығына пуқараларымызды исендириў. Идеологиялық принциплер, мақсетлер ҳәр бир пуқараның, әсиресе, жас әўладтың күнделикли турмыс тәризине айланыўына ерисиўимиз тийис.

**«Ҳәзирги пайытта болып атырған унамсыз жағдайлар, жөнсиз ҳәтти-ҳәрекетлер, жаўыз child ислер бәринен бурын, идеологиялық бослық себепли жүз бермекте-**деп атап көрсетти Президентимиз,- Неге дегенде, еле турмыслық тәжиийбеге ийе болмаған, ақ-қараны танып үлгермеген жаслар ҳәр түрли тәсирлерге берилгиш болады».[56] Журтбасшымыз өз пикирин диний экстремизмниң кирип келиўи мысалында күтә исенимли дәлийллеп көрсетип береди. Сондайақ, дүньяда бир қарағанда бийазар, сиясаттан аўлақ болып көринетуғын сондай идеологиялық тәсир қураллары да бар, оларға көбинесе жетерли итибар беребермеймиз. Мәселен, жасларымыз қызығып көретуғын жаўынгерлик фильмлерди алсақ, олар санасы еле толық қәлиплеспеген жасларды жаўызлыққа, мийримсизликке, тасбаўырлыққа бағдарлайды. Ҳәзирги замандағы мәнәўий қәўиплерден болған «ғалабалық мәдeният» туўралыда усы айтыў мүмкин. Президентимиз көрсетиўинше, адамның қәлбинде еки күш-дөретиўшилик ҳәм ўайрангершилик барқулла өз-ара гүреседи. Ең өкинишлиси, инсан тәбиятындағы адамгершиликтен гөре жаўызлық, ур-жық инстинктлерин, яғный жаман ҳәрекетлерди оятып жибериў аңсатырақ.

Соның ушында, биз бәрҳама қырағы болыўымыз зәрүр. Өйткени, усындай унамсыз тәсирлер даўам ете берсе «**...миллет өзлигин жоғалтыўы, мың жыллық дәстүрлерин қолдан берип, аламанға айланып қалыўы ҳеш гәп емес»**.[57] Буныңдай идеологиялық тәсирлерден унамсыз ақыбетлер келип шықпаўы ушын жасларымыз арасында мәнәўий-идеологиялық тәрбияны күшейтиўимиз, оларды жетик инсанлар етип қәлиплестириўимиз зәрүр.

«Бүгинги күнде,- деп жазады Пезидентимиз Ислам Каримов,- инсанoccupied қолында бар болған қурал-жарақлар жер шарын бир неше мәрте жексен етиўге жетеди. Буны ҳәммемиз жақсы түсинемиз. Лекин ҳәзирги замандағы ең үлкен қәўип-инсанлардың қәлбин ҳәм санасын ийелеў ушын үзликсиз даўам етип атырған идеологиялық гүрес болып табылады. **Ендилигинде ядро майданларында емес, идеология майданларында жүрип атырған гүреслер көп нәрсени шешеди**. Бул ашшы ҳақыйқатты ҳеш қашан умытпаў керек».[58] Демек, ҳәзирги идеологиялық гүрестиң өзине тән айрықшалықларын есапқа ала отырып, жасларымызды қандай формада келседе жат идеяларды қабыл етпеўшилик руўхында тәрбиялаўымыз керек.

Президентимиз Ислам Каримовтың «Миллий ғәрезлик идеологиясы-халықтың ынанымы ҳәм уллы келешекке исеним» ҳәм басқада идеологиялық тәрбия мәселеси сөз етилетуғын шығармаларында пуқараларымызда, әсиресе, жасларымызда идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў ең тийкарғы машқалалардың бири сыпатында ортаға қойылады.

Идеологиялық иммунитет шахсты, жәмийетлик топарды, миллет ҳәм жәмийетти түрли зыянлы идеялық тәсирлерден қорғаўға хызмет ететуғын дизим (система) болып есапланады. Иммунитет (латынша «immunitas»-азат болыў, қутылыў) түсиниги медицинадан алынған болып, организмниң турақлы ишки ҳалатын сақлаўы, өзин ҳәр түрли тәсирлерден, инфекциялардан қорғаў уқыбы түсиниледи. Идеологиялық иммунитет төмендеги өзине тән белгилерге ийе:

Биринشиден, адамның биологиялық иммунитети туўма қәсийет болса, идеологиялық иммунитет қәлиплестирилип, жетилистирилип барылады.

Екиншиден, ол ҳәр бир әўлад ҳәм ҳәр бир тарийхый жағдай ушын айрықша болады.

---

[56] Сонда, 8-бет
[57] Сонда, 11-бет
[58] Сонда, 6-7 бетлер

Үшиншиден, идеологиялық иммунитет дизими қәлиплескенде жәмийет идеологиялық жақтан ғәрезсиз ҳәм қәўипсиз болады.

Идеологиялық иммунитеттиң элементлери билим, оның негизинде қәлиплесетуғын баҳалар ҳәм қәдириятлар, сондай-ақ, жәмийетлик-сиясий, экономикалық, мәдений-мәрипий саладағы мақсетлер дизими болады. Егер усындай мақсетлер дизими болмаса миллет те, ҳәр бир инсан да түрли көринистеги идеологиялық топылысларға шыдам бере алмайды.

Ҳәзирги күнде барлық пухаралар әсиресе жасларымыз, ҳәр қандай мәнәўий қәўиплердиң, әсиресе диний экстремизм ҳәм терроризмниң ҳаслы мәнисин ҳәм жеркинишли мақсетлерин, олардың бүгинги күндеги түрли көринислерин, жынаятлы, зорлық-зомбылыққа тийкарланған жаўыз ислерин ашық-айдын түсиниўи және олардың елимизге ҳәм дүньялық раўажланыўға қәўип екенлигин анық билиўлери лазым. Соның ушында, «Өз үйиңди өзиң асра», «Тынышлық ушын гүресиў керек» деген уран менен жүритилип атырған идеологиялық-тәрбиялық ислеримизди күшейтиўимиз керек. Бул саладағы баслы ўазыйпаны көрсете отырып Президентимиз Ислам Каримов былай деген еди: «Белгили болғанындай, ҳәр қандай кеселликтиң алдын алыў ушын, әўели, адам организминде оған қарсы иммунитет пайда етиледи. Биз де перзентлеримиз жүрегинде ана Ўатанға, бай тарийхымызға, ата-бабаларымыздың муқаддес динине сағлам мүнәсийбетти қәлиплестириўимиз, егер айтатуғын болсақ, **идеологиялық иммунитетти** күшейтиўимиз зәрүр».[59] Мине сонда ғана жаўыз күшлер биз ушын пүткиллей жат болған идеялары жасларымызға тәсирин өткере алмайды.

Президентимиз «Фидакор» хабаршысының сораўларына жууапларында миллий ғәрезсизлик идеологиясы концепциясында қандай мақсетлерге ҳәм қандай үстинликке ийе идеяларға айрықша әҳмийет берилиўи кереклиги ҳаққында оғада терең ҳәм тыянақлы пикирлерди ортаға қойды. Өйткени, журтбасшымыздың пикиринше, жәмийетимиз, мәмлекетимиз өз алдына қойған әдиўли мақсет ҳәм ўазыйпаларды анық-раўшан белгилеп алмай турып мәмлекетимиздиң әсирлерден киятырған дәстүрлерин ҳәм үрип-әдетлерин, өзлигимиздиң тийкарғы айрықшалықларын өзине жәмлестиретуғын миллий идеологияны қәлиплестириў мүмкин емес, бул ушын, бәриненде бурын, биз қандай мәмлекет, қандай жәмийет, қандай дүзим қурмақшымыз, оның сиясий, экономикалық, социаллық, мәнәўий тийкарлары нелерден ибарат болады деген сораўларға жуўап бериўимиз керек.

Ҳуқықый демократиялық мәмлекет ҳәм базар экономикасына тийкарланған пуқаралық жәмийетти қурыў-Өзбекстанда әмелге асырылып атырған жаңаланыў ҳәм раўажланыў сиясатының баслы стратегиялық мақсети болып есапланады. Бул мақсетти әмелге асырыў процессинде елимизде жасаўшы барлық пухараларға раўажланған демократиялық мәмлекетлердегидей кепиллик берилген турмыс дәрежеси ҳәм еркинликлери тәмийнленеди, усы тийкарда Өзбекстанның дүньялық аўқамда ылайықлы орын ийелеўине ерисиледи.

Президентимиз Ислам Каримов өзиниң бул мийнетинде жаңа жәмийет қурыў ушын сиясий ҳәм мәмлекетлик қурылыс, экономика, мәнәўият салаларында әмелге асырылыўы тийис машқалаларды терең анализ жасады. Оның пикиринше, бул мәселелер бизиң өз алдымызға қойған әдиўли мақсетлеримизди көрсетиў менен бирге жәмийетимиз идеологиясын, адамлар ортасындағы өз-ара мүнәсийбетлердиң мәнис-мазмунын белгилеп береди. Ҳәзирги күндеги ең баслы ўазыйпа бул процесслердиң илимий-теориялық тийкарларын ашып барыў, оқыўшыларға, студентлерге, кең жәмийетшиликке әпиўайы, анық етип түсиндирип бериў ҳәм оларды ҳәзирги заман талапларына жуўап беретуғын жәмийет қурыўдың белсенди ҳәм жигерли қатнасыўшыларына айландырыўдан ибарат. Журбасшымыз идеологияны қәлиплестириў ҳаққындағы мәселеге тоқтап төмендегилерди баян етти:

---

[59] Сонда, 11-бет

Бириншиден, ол бир жыллық ямаса бес-он жыллық жумыс емес, ол үзликсиз раўажланып баратуғын процесс, өйткени, идеология қатып қалған ақыйдалар жыйынтығы емес.

Екиншиден, миллий идеологияны жоқарыдан жаратып ҳәм турмысқа енгизиўге болмайды. Әлбетте, миллий идеологияның тийкарғы бағдарларын, оның өзине тән өзгешеликлерин қанийгелер, алымлар ҳәм ойшыллар ислеп шығады. Бирақ, тыныш кабинетлерде дөретилген идеология өз-өзинен турмысқа асады, барлық адамларға сиңип кетеди, деў қыялпаразлық болар еди. Миллий ғәрезсизлик идеологиясы халқымызға тән болған ең муқаддес сезим ҳәм түсиниклердиң жәмленген көриниси болыўы керек.[60]

Президентимиз «Миллий ғәрезсизлик идеологиясы-халық ынанымы ҳәм уллы келешекке исеним» шығармасында идеологиялық тәрбияны жүритиўде Ўатан сезиминиң, ана тили, миллий қәдириятлардың роли, әйел-қызлардың, шаңарақтың, мәҳәлләниң роли туўралы баҳалы пикирлерди ортаға қояды. Усы китапта «**мәҳәлләни өзин-өзи басқарыў мектеби, айтағын болсақ, демократия мектеби**»[61] деп жәриялады. Сондай-ақ миллий идеология концепциясын дөретиўде улыўма инсаный қәдириятлардың, дин мәселесиниң, мәрипеттиң, атап айтқанда, жәмийетлик пәнлердиң орны туўралы өз пикирлерин ортаға қойды.

Президентимиз Ислам Каримовтың шығармаларында ҳәзирги илим-пән хабар-коммуникация системасы ҳәм глобалласыў процесслери оғада раўажланған, дүньяның геополиткалық ҳәм социал-экономикалық көринисинде уллы өзгерислер әмелге асып атырған заманда идеологиялық гүресті жүритиўдиң принциплери ҳәм жоллары көрсетип берилген. «Бүгинги күнде-дейди Президентимиз,-идеяны, пикирди қадағалаў менен, административлик илажлар менен жеңип болмайды. **Идеяға қарсы тек идея, пикирге қарсы тек пикир, наданлыққа («жәҳалат») қа қарсы тек мәрийпет пенен бәсекеге кирисиў, алысыў мүмкин».**[62]

Журтбасшымыздың илимий-әмелий әҳмийетке ийе бул көрсетпесинде төмендеги үш бағдарда гүрес жүргизиў нәзерде тутылған. Бириншиден, идеяға қарсы биз өзимиздиң әдиўли жәнe исенимли идеяларымызды қарсы қойыўымыз тийис. Екиншиден, ҳәр қандай жат пикирге қарсы илимий тийкарланған, логикалық избе-изликтеги пикирлеримизди қарсы қоя билиўимиз шәрт. Бул ушын жасларымыз өз пикирин айта алыўы, еркин пикир ҳәм бәсеке жүрите алыўы талап етиледи.

Үшиншиден, наданлыққа (жәҳалатқа) қарсы мәрипетти, билимлиликти қойыўымыз керек. Бул ушын жасларымыз заманға ылайық билим ҳәм илим менен қуралланған, ой-пикирди еркин жүрите алатуғын инсанлар болыўы шәрт. Сонда ғана олар бул гүресте жеңип шығады, өйткени, Президентимиз айтқанындай, «**Күш-билим ҳәм ой-пикирде**».[63] Наданлық билимсизликте, мәнәўий турпайылықта сәўлеленеди. Жәҳалат сөзи арабша жәхила сөзинен алынған болып, билмеў мәнисин билдиреди. Қарақалпақ тилинде бул сөз наданлық деп алынады. Арабларда исламға дейинги дәўир жәҳилият дәўири, яғный наданлық дәўири деп жүргизиледи. Жәмийет ол заманда пүткиллей наданлық, турпайылық батпағына батқан еди. Ислам араб ҳәм басқа халықларға билимлилик, әдеп-икрамлы турмыс тәризин алып келди. Демек, наданлық дүньялық ҳәм исламый билимлерден хабарсызлықтан келип шығады. Ҳәзирги диний экстремизмниң ортаға қойып атырған идеялары ҳәм ислеп атырған ислери наданлықтың, жәҳалаттың көринисинен басқа нәрсе емес, мәселен, өзин-өзи партлатып өзин ҳәм басқаларды өлтириў бул жоқары дәрежедеги наданлық, инсаный әдеп-икрамлылықты аяқ асты етиў, дүньялық қағыйда, нызамларды ҳәм исламий шәрият нормаларын турпайы, қасақана бузыўшылық. Қураны кәримде өзин-өзи өлтириў ҳәм басқаларды өлтириў пүткиллей қадаған етилген, ондай адам дозақта

---

[60] Сонда, 20-22 бетлер

[61] Сонда, 24 бет

[62] И. Каримов. Жамиятимиз мафкураси, халқни-халқ, миллатни-миллат қилишга хизмат этсин. «Баркамол авлод орзуси» Т., «Ўзбекистон» миллий энциклоредияси, 2000, 35 бет

[63] Сонда, 44 бет.

мәңги қалады, деп көрсетилген. Олай болса, бүгинги күнде терроршы ким дегенде санасы зәҳәрленген, билимсиз, фанатизмге берилген, наданлықтың батпағына батқан, өзи ислейтуғын жынаятлы ҳәрекетлерине өзи жуўап бере алмайтуғын, басқалардың жаўыз нийетлерин орынлайтуғын кимсе деп түсинген дурыс болады.

Соның ушында, жасларымызды саўатлылық пенен тәрбиялаў ушын оларға терең дүньялық ҳәм диний билимлер бериўимиз, диний экстремистлик ағымлардың идеяларының надурыслығын ҳәр тәреплеме көрсетиўимиз лазым. Бул саладағы баслы ўазыйпалардан бири жасларымыздың диний билимсизлигин сапластырыўымыз керек. Бул мәселеге мәмлекетимиз айрықша итибар бермекте. Ҳақыйқый диний билим аламан дегенлерге кең имканиятлар жаратылған.

Ең баслы ўазыйпалардан бири муқаддес динимиз ислам туўралы пухаларымызға, әсиресе, жасларымызға илимий тийкарланған билим ҳәм түсиниклер бериўимиз талап етиледи. Анығырақ айтатуғын болсақ ҳәзирги исламда еки бағдар бар. Олардың бириншиси, дәстүрлик ислам болса, екиншиси ислам нықабы астындағы агрессив экстремистлик ағымлар болып есапланады. Бул туўралы Президентимиз былай дейди: «Барлығымыз бир ҳақыйқатты терең аңлап алыўымыз керек-бүгин ислам дининиң ишинде кескин қарама-қарсылық бар. Усы мүнәсийбет пенен бар күш ҳәм мүмкиншиликлерди жумсаған ҳалда саўатлы, кең пейил ислам динине мусылманшылықты нықаб етип алып, оның үстинен ҳүкимранлық етиўге урынып атырған жаўынгер мутаасиб күшлерге қарсы гүресиўде жәрдем бериў дәркар».[64]

Ислам тынышлық ҳәм әдиўликти жақлаўшы,адамларды ийманлылыққа, әдилликке, турақлылыққа, жоқары әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаўшы ата-бабаларымыз дини екенлигин көрсетиў менен бирге, диний экстремизмниң наданлық, жаўызлық екенлигин ҳәм исламға пүткиллей қарсы келетуғын идеялардан туратуғынлығын ҳәр бир инсанның сана-сезимине жеткериўимиз керек.

Диний экстремистлик идеологияға қарсы жүргизилип атырған илажларды тағыда жетилистириўимиз, оның ҳәр бир адамның қәлбине барыўына ерисиўимиз керек. Бул исте оқыў орынлары, өндирис кәрханалары, өзин-өзи басқарыў органлары, жәмийетшилик, мәмлекетлик емес, коммерциялық емес уйымлардың ролин тағыда арттырыў талап етиледи. Өткерилип атырған ушырасыўлардың, лекция ҳәм гүрриңлердиң, телекөрсетиўлер ҳәм радио еситтириўлердиң барлық жасларды қамтып алыўына ерисиўимиз лазым. Президентимиз көрсеткениндей, «ҳәзирги күнде диний экстремиз идеологиясына, қопарыўшылық-террорлық қарсы баслы ўазыйпа-халық арасында, әсиресе жаслар менен алып барылтуғын үгит-нәсият ҳәм тәрбиялық ислерди изшил, терең ойланылған система тийкарында шөлкемлестириў ҳәм олардың тәсиршеңлигин кескин күшейтиўди бүгин басымыздан кеширип атырған турмыстың өзи талап етпекте».[65]

Жасларымызды кәмил инсанлар етип тәрбиялаў, оларды билимли болыўға ықлас қоятуғын ҳәм мәнәўий жақтан, ҳәм физикалық жақтан саламат етип жетилистириў ҳәр биримиздиң ўазыйпамыз. Турмысқа кирип киятырған жас әўладтан кәсиплик терең билим ҳәм көнлигиўлерге ийе болыў менен бирге сиясий саўатлы, мәдениятлы, мәрипетли, барлық мәселелерди шешиўде сезгир ҳәм қырағы инсанлар болыўларын ҳәзирги заман талап етип атыр.

---

[64] И. Каримов. Бизнинг бош мақсадимиз- жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Т., «Ўзбекистон», 2005, 65-66 бетлер

[65] И. Каримов. Ўатанымыздың тынышлығы ҳәм қәўипсизлиги өз күш- қудиретимизге, халқымыздың татыўлығы ҳәм беккем еркине байланыслы. Н., «Қарақалпақстан», 2004, 27 бет

## 4. Миллий мәнәўият ҳәм миллий идеология: теориядан - әмелиятқа

Өзбекстан, оның қурамында суверен Қарақалпақстан ғәрезсизликке ерискен дәслепки күнлерден баслап ақ, халқымыз мың жыллар даўамында топланған бийбаҳа мәнәўиятымызды, мәдений мийрасларымызды, миллий қәдириятларымызды қайта тиклеў, оларды заманға ылайық мазмун менен байытыў иси жолға қойыла баслады. Өйткени, миллий мәнәўиятымызды, миллий өзлигимизди, миллий тарийхымызды қайта тиклемей ҳәм толық аңғарып алмай ғәрезсизлик ортаға қойған әдиўли мақсетлерге ерисиў мүмкин емес еди. Буны биринши болып жетик ҳәм терең түсинген Президентимиз Ислам Абдуғаниевич Кәримов болды. Материаллық реформалар, экономикалық реформалар өз жолына, - деген еди Президентимиз, - оларды шешиў мүмкин. Халықтың тәмийинатын да әмеллеп турыў мүмкин. Бирақ мәнаўий реформалар – қуллық ҳәм бағынышлылық искенжесинен азат болып, қәддимизди бәлент тутыў, ата-бабаларымыздың үрип-әдетлерин тиклеп, оларға ылайықлы мийрасхор болыў – буннан гөре аўыр, буннан гөре әдиўли ўазыйпа жоқ бул дүньяда”.[66]

Президентимиз Ислам Каримовтың бир қатар шығармаларында, баянат ҳәм гүрриңлесиўлеринде мәнаўий-мәдений қәдириятлардың мәнис-мазмуны, оларды тиклеў зәрүрлилиги менен бирге, тәрбиялық-идеологиялық жумысларды табыслы жүритиўдиң жоллары да көрсетип берилди. Бул жерде журтбасшымыздың “Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш” атлы фундаментал мийнетинде ортаға қойылған пикирлердиң әҳмийетин тағы бир мәртебе атап өтиў орынлы.

XX әсир ақыры – XXI әсир бас гезинде әмелге асып атырған глобалласыў процесслери, илим ҳәм техниканың табыслары, атап айтқанда, интернет дизими халық аралық бирге ислесиўге ҳәм интеграцияның раўажланыўына кең жол ашып берип атырғаны ҳәммеге мәлим. Усының менен бирге, адамзат бул табыслардан айрым сиясий күшлер ғәрезли мақсетлерин әмелге асырыў ушын идеологиялық қурал сыпатында пайдаланыўға урынып атырғанының да гүўасы болмақта. Адамлардың, бәринен бурын жаслардың ой-пикирин, қәлбин ҳәм санасын бузыўға, оларды адамзатқа жат бузақы ҳәм зыянлы идеялар менен толтырыўға, сөйтип оларды жолдан аздырыўға умтылыўлар әмелге аспақта. Бул бузғыншы идеяларды таратыў оғада мәккарлық усыллар және ҳәзирги заман хабар технологияларын пайдаланып жүритилмекте. Мине усындай жағдайда пуқараларымызды, биринши гезекте жасларымызды қорғаў, ғәрезли күшлердиң түпкиликли нийетлерин ашып таслаў, сөйтип пуқараларымызда идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў ўазыйпасы пайда болды. Бул оғада қыйын ҳәм аўыр ўазыйпа, бирақ биз оны шешпей турып алға қойған мақсетлеримизге ерисе алмаймыз. Елимизде әдалатлы демократиялық ҳәм пәраўан жәмийет қурыў жасларымызды жаўыз күшлердиң тәсиринен қорғаў менен тиккелей байланыслы.

Президентимиз Ислам Кәримов соңғы дәўирде жазған мийнетлеринде де, атап айтқанда, **«Ең тийкарғы өлшем – турмыс ҳақыйқатлығын сәўлелендириўден ибарат»** атлы шығармасында бул мәселеге айрықша итибар бермекте. Оның пикиринше жасларымызды миллий ҳәм улыўмаинсаный қәдириятлар руўхында тәрбиялаўымыз, ҳәзирги замандағы сиясий процесслердиң мәнис-мазмунын түсинетуғын, ең баслысы, өзиниң бийғәрез пикирине ийе адамлар етип қәлиплестириўимиз керек. Бул пүтин тәлим-тәрбия ҳәм мәнәўий-идеологиялық жумыстың баслы шәртлери ҳәм өлшеми болмағы дәркар. Бийғәрез сана, бийғәрез пикирге ийе шахсты тәрбиялаўды журтбасшымыз тәлим-тәрбия, жәмийетлик сиясий, мәнаўий-мәрипий ислер менен шуғылланыўшы барлық шөлкемлердиң ўазыйпасы деп есаплайды. “Бир ойлап көрейик, - дейди Президентимиз, - өз бийғәрез пикирине ийе болыў – бул не? Бул әўели көп-көп пикир ҳәм мысалларды өз ара салыстырып, қыяслап, олардың ишинен бирден бир туўры шынлықты ажыратып алыў, оны

[66] И.Каримов. Истиқлол ва маънавият. Т., “Ўзбекистон”, 1999.

өз санаңа сиңдириў, соннан жуўмақ шығарып жасаўға уқыплы болыў дегенди билдиреди”.[67]

Президентимиздиң бул пикирлери барлық орынларда идеолгиялық - тәрбиялық жумыслардың негизине қойылыўы кереклигин ҳәммемиз айқын түсиниўимиз шәрт.

Президентимиз тәрепинен белгиленген мәнаўий-мәдений жоқарылаўға қаратылған ўазыйпаларды әмелге асырыў процессинде оғада көплеген салмақлы илажлар әмелге асырылды.

Президентимиздиң 1994 жыл 23-апрельдеги Пәрманы ҳәм сол жылы 8-июньдағы Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарары менен Өзбекстан Республикасы “Мәнәўият ҳәм мәрипат” жәмийетшилик орайы дүзилди ҳәм усы орайдың Қарақалпақстан Республикасы ҳәм ўалаятлардағы, район ҳәм қалалардағы бөлимлери шөлкемлестирилди. Буныңдай мәнәўият ҳәм мәрипат орайы Ғәрезсиз Мәмлекетлердиң Дослық Аўқамы (ҒМДА) еллериниң ишинде тек Өзбекстанда ғана дүзилген. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 1994 жыл 27 июльдағы қарары менен Қарақалпақстан Республикасында «Руўхый мәдeният ҳәм ағартыўшылық» жәмәәтшилик орайы, соңынан қала ҳәм районларда оның бөлимлери дүзилди. Орай 2000 жылдан баслап Қарақалпақстан Республикасы «Руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық» орайы, ал 2008 жылдан баслап «Мәнәўият ҳәм ағартыўшылық» орайы деп аталмақта, оның жанында Мәнәўият университети ислеп турыпты. Қарақалпақстан Республикасында жүргизилип атырған идеологиялық, мәнәўий-тәрбиялық жумысларды шөлкемлестириўде, оларды өз-ара үйлестириўде, барлық дәрежедеги кадрлардың идеялық билимлерин жетилистириўде ҳәм үгит-нәсият пенен шуғылланыўшы хызметкерлерди методикалық ҳәм методологиялық қураллaндырыўда орай үлкен роль атқармақта. Орай қасындағы “Мәнәўият университети” ҳәр қыйлы буўындағы кадрларды қайта таярлаўда, олардың идеологиялық таярлығын беккемлеўде көзге көринерлик илажларды әмелге асырмақта. Булар улыўма республикадағы мәнәўий – идеологиялық жағдайға унамлы тәсир етпекте, ўатанласларымызда келешекке исеним менен қараў сезимлерин қәлиплестирмекте.

Президентимиздиң “Мәнәўият ҳәм мәрипат” жәмәәтшилик орайының жумысын буннан былайда жетилистириў ҳәм нәтийжелилигин арттырыў ҳаққында” атлы 1996-жыл 9-сентябрьдеги Пәрманында мәнәўий-мәрипий реформалар мәмлекетимиз сиясатының тийкарғы үстинликке ийе бағдары деп жәрияланды, орынларда бул исти әмелге асырыўдың пүткил жуўапкершилиги биринши дәрежели басшыларға жүкленди, биринши дәрежели басшылардың мәнәўият ҳәм мәрипат ислери бойынша орынбасарлары лаўазымы енгизилди.

1999 жыл 3-сентябрьде «Республика Мәнәўият ҳәм мәрипат кеңесин қоллап қуўатлаў ҳаққында» Президент Пәрманы, 2006 жыл 25-августта «Миллий идеяны үгит-нәсиятлаў ҳәм мәнәўий-мәрипии жумысларының нәтийжелилигин арттырыў ҳаққында» оның қарары қабыл етилди. Бул қарар бойынша Республикалық мәнәўият ҳәм мәрипат Кеңеси жанындағы Миллий идеология илимий үгит-нәсиятлаў орайы илимий-әмелий бағдарда жумыс алып баратуғын “Миллий идея ҳәм идеология илимий-әмелий орайы” етип, ал Кеңестиң Республикалық “Мәнәўият ҳәм мәрипат” орайы болса, әмелий үгит – нәсиятлаў бағдарында жумыс алып баратуғын Республикалық “Мәнәўият үгит-нәсиятлаў орайы” деп қайта дүзилди. Қарарда олардың ҳәзирги ўақытлардағы ўазыйпалары кең түрде анық көрсетип берилди.

Президент Пәрманына муўапық Республика Жоқары ҳәм Орта арнаўлы билимлендириў ўазирлиги тәрепинен 1997 жылдан баслап барлық оқыў орынларына “Мәнәўият ҳәм мәрипат тийкарлары” арнаўлы курсы енгизилди, оның дәстүрлери ҳәм оқыў қолланбалары ислеп шығылды.

Ғәрезсизлик жылларында Президентимиздиң тиккелей қоллап-қуўатлаўында жаҳан цивилизациясын раўажландырыўға үлкен үлес қосқан мәнәўий мийрасымыздың уллы

[67] И.Каримов. Энг асосий мезон – ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш. Т., “Ўзбекистон”, 2009, 9 б.

дөретиўшилериниң атлары қайта тикленди, олар дөреткен бийбаҳа мийрас халқымызға қайтарылды, юбилейлик сәнелери мәмлекет ҳәм халықаралық көлемде кең түрде белгиленди, шығармалары басып шығарылды. Сол ғәрезсизлик жәрияланған 1991 жылдың сентябринде 550 жыллық юбилейине арнап Ташкент қаласының орайында Алишер Наўайы ҳәйкели ҳәм миллий бағ дөретилди. Оның ашылыў салтанатында Президентимиз «Наўайы руўхы мәдеткер болғай» атлы жалынлы сөз сөйледи. 1992 жылы Бабарахим Машрабтың 350 жыллық юбилейи белгиленди. Уллы ойшыл Баҳаўатдин Нақшбандтың 675 жыллығын белгилеў ҳаққында қарар қабыл етилди. Сол жылы мәмлекетлик ғайраткер ҳәм шайыр Захриддин Бабурдың туўылғанының 510 жыллығы белгиленди. 1994 жыл ЮНЕСКО тәрепинен Мырза Улуғбек жылы деп жәрияланды ҳәм оның 600 жыллық юбилейи нышанланды. Нөкис қаласында оның монументал ҳәйкели орнатылды. 1996 жылы Амир Темур жылы деп жәрияланды ҳәм тарийхта өшпес из қалдырған уллы бабамыздың 660 жыллық юбилейи жоқары дәрежедеги салтанатлар менен халықаралық көлемде болып өтти. Сол жылы мәмлекетлик ғайраткер Файзулла Хожаевтың, алым ҳәм шайыр Абдураўиф Фитраттың юбилейлери болды. 1997 жылы Бухара ҳәм Хива қалаларының 2500 жыллығы, уллы қарақалпақ шайыры ҳәм ойшылы Бердақтың 170 жыллығы, шайыр Абдулхамид  Шолпанның 100 жыллық юбилейлери белгиленди, Кәмалатдин Беҳзадтың 545 жыллық юбилейин белгилеў ҳаққында ҳүкимет қарары шықты. 1998 жылы ҳәдис илиминиң султаны Имам Әл-Бухарийдың туўылған күниниң 1225 жыллығы, уллы астроном Ахмад Әл-Фарғанийдың 1200 жыллық юбилейи белгиленди. 1999-жылы Жалаладдин Мангубердиниң 800 жыллық, "Алпамыс" халық эпосының 1000 жыллық юбилейлери жоқары таярлықлар менен өткерилди. 2000 жылы Имам Матуридий туўылғанының 1130 жыллығы, 2001 жылы "Авесто" китабының 2700 жыллығы, 2002 жылы Термиз қаласының 2500 жыллығы, 2006 жылы Қарши қаласының 2700 жыллығы ҳәм Хорезм Мамун Академиясының 1000 жыллығы, 2007 жылы Марғилан қаласының 2000 жыллығы ҳәм Самарқанд қаласының 2750 жыллығы, 2009 жылы Ташкент қаласының 2200 жыллығы дүньялық аўқам менен бирликте көтериңкилик  ҳәм жоқары дәрежедеги салтанатлар менен кең түрде белгиленди.

Бул юбилейлердиң көпшилигине ЮНЕСКО ғамхорлық етти, дерлик барлығының жуўмақлаўшы салтанатлы әнжуманларына Президентимиз Ислам Каримовтың өзи қатнасты, ҳүкиметимиз қарарына муўапық журтымыздың ҳәмме жерлеринде ядтан шықпас унамлы тәрбиялық мәнәўий-мәрипий илажлар әмелге асырылды.

Әййемнен киятырған миллий байрамымыз "Наўрыз" қайта тикленди, ол мәнәўий-мәдений турмысымыздың ажралмас бөлегине айналды. 1993 жылы "Наўрыз – улыўма халықлық байрам" – деп жәриялаў ҳаққында қарар шықты.

Президентимиз басшылығында ғәрезсизлик жылларында миллий мәнәўиятымыздың ажыралмас бөлеги болған диний қәдириятымыз қайта тикленди, ислам мәдениятын раўажландырыўға, адамларымызға ҳүждан ҳәм диний исеним еркинлигин тәмийинлеўге қаратылған илажлар әмелге асырылды.  1991 жылы, соңынан жаңа редакцияда 1998 жылы 1 майда "Ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққында" Өзбекстан Республикасы Нызамы қабыл етилди. Ораза ҳәм Қурбан ҳайтлары улыўма халықлық байрам-дем алыс күнлери деп дағазаланды. Ғәрезсизлик шарапаты менен қайта тәмирленген яки жаңадан қурылған 2000 нан артық мешитлер мөмин-мусылманларға хызмет етпекте, Ташкент ислам институты ҳәм 10 нан аслам медреселер жасларға тәлим бермекте. Ҳәр жылы 4-5 мыңнан аслам ўатанласларымыз Ҳаж ҳәм Умма зыяратын орынлаў мүмкиншилигине ийе болды. ЮНЕСКО шөлкеми менен бирликте ислам мәдениятында уллы из қалдырған қалалардың ҳәм ойшыллардың юбилейлерин өткериў процессинде олардың естеликлери, архитектуралық комплекслери қайтадан қурылып кең жәмәәтшиликтиң, шет елли мийманлардың зыяратлайтуғын руўхый-тәрбия орынларына айлантырылды. Атап айтқанда, Бухарада Абдулхалық Ғыждуваний ҳәм Баҳауаддин Нақшбанд, Самарқандта Имам Бухарий ҳәм Имам Матуридий, Марғыланда Бурҳаниддин Марғинаний, Ташкент қаласында Ҳазрати Имам естелик комплекси, Кукалдаш, Абдулқасым, Ҳәрети Имам,

Барақхан медреселери, Хожа Ахрар Ўалий, Шайх Зайниддин мешитлери дәсепки ҳалына келтирилип, пуқаралар мәнәўиятын қәлиплестириў ошақларына айлантырылды.

Президентимиз пәрманы менен 1999 жылы Ташкент қаласында талабанларға дүньялық ҳәм диний билим бериўши Ташкент ислам университети ашылды. Жетинши әсирде халифа Осман тәрепинен дүзилген ҳәм ЮНЕСКО тәрепинен жәҳан мәденияты естеликлери дизимине киритилген Осман Қуранын қәстерлеп сақлаў ҳәм келеси әўладқа жеткериў илажлары әмелге асырылды.

Қураны кәрим ҳәм Ҳәдислер өзбек тилине аўдарылып, көп нусқада басып шығарылды. Имам Бухарийдиң 4-томлық "Ал-Жомеь ас-сахийх" атлы китабы, Ат-Термизийдин "Сунани Термизий" атлы ҳәдислер топламы, Хожа Ахмед Яссаўийдиң "Хикметлери", Марғынанийдиң "Хидая" сы, Ҳәким-ата Сүлайман Бақырғаныйдың "Бақырған китабы" ҳәм басқада көплеген шығармалар басып шығарылды.

2001 жылы Рус Православ чиркеўи Ташкент ҳәм Орта Азия епархиясының 130 жыллығы, 2002 жылы Рим-католик чиркеўи – католикликтиң Орайлық Азияда қайта тиклениўиниң 100 жыллығы белгиленди.

Ислам дүньясындағы абройлы шөлкемлерден болған "АЙСЕСКО" тәрепинен 2007 жыл Ташкент ислам мәдениятының пайтахты деп жәрияланды. Президентимиз "Туркистан-пресс" мәмлекетлик емес мәлимлеме агентлигиниң хабаршысына берген интервьюинде, бул бәринен бурын бабаларымыздың теберик исимлерине ҳәм қалдырған мийрасына, халқымыздың ислам мәдениятын раўажландырыўға қосқан үлесине берилген баҳа, деп атап көрсетти. Ташкент қаласына берилген бул жоқары баҳа Өзбекстан Республикасы Президенти ҳәм ҳүкиметиниң елимизде ислам мәнәўиятын және мәдениятын қорғаў ҳәм раўажландырыў, исламлық мәнәўиятты ҳәр қыйлы экстрементлик көзқараслардан қорғаў сиясатының ислам әлеминде ғана емес, ал пүтин дүньяда тән алыныўы болып есапланады.

Уллы ата-бабаларымызға арналған мәрекелердиң көпшилигинде журтбасшымыз баянат жасады, елимизде олардың мийрасы туўралы илимий-изертлеў жумыслары жүритилди, түрли бағдарда китап ҳәм мақалалар басып шығарылды, фильм ҳәм спектакллер көрсетилди.

Ғәрезсизлик шарапаты менен жәдидшилик ҳәрекетиниң атақлы ўәкиллери Мунаввар Қәри, Убайдулла Хужаев, М.Беҳбудий, А.Авлоний, А.Фитрат, Чулпан, Исхақхан Ибрат, Ҳ.Ҳ.Ниёзий, А.Қадрийлардың мийрасын тиклеў мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилди. Ата-бабаларымыз мийрасын тиклеў ҳәм үйрениўдиң мәнаўий ҳәм ҳуқықый тийкарлары ислеп шығылды ҳәм әмелге асырыла баслады. Уллы ата-бабаларымыздың юбилейлик сәнелерин өткериў бойынша жәмийетлик-сиясий, мәрипий тәжрийбе топланды, олар ҳәтте шет еллерде де тән алынды ҳәм пайдалана басланды. Әййемги ата-бабаларымыздың әдиўли идеялары, миллий мәмлекетшилик дәстүрлери, турмыс тәризи ҳәм менталитетин өзинде сәўлелендирген "Авесто" халқымыздың ҳақыйқый мәнаўий мүлкине айланды. 2001 жылы "Авесто" ның 2700 жыллық юбилейи халқара көлемде белгиленди, оның тексти өзбек тилине аўдарылып китап түринде басып шығарылды.

Усы жерде журтбасшымыздың мына сөзлерин ядқа түсирип өтиў орынлы: "Бул сыяқлы салтанатлы илажларды өткериўдеги нийет ҳәм мақсетлеримиз муқаддес орынларды абат қылыўымыз себеплери … бәринен бурын, бул ислерди әмелге асырыў негизинде саўап деген уллы түсиник жатады. Саўап – уллы инсаний пәзийлет, жоқары исламий қәдириятлардан бири. Мениң кәмил исенимим сол, саўап исти ҳәр ким ислеўи керек, саўап ислерди ҳәр күн ислеў керек. Саўаплы ислерди етиў болса халқымызға тән әзелий белги. Саўаплы ислерди қылған адамға, оның ел-журтына әлбетте Алланың рахметлери жаўады, "Жақсылықтың саўғасы тек ғана жақсылық болады". Биз әдиўли ислерди қанша көп қылсақ, уллы ата-бабаларымыздың иззет-икрамын орнына қойсақ,

олардың теберик атларын пүткил дүньяға таратсақ, Жаратқанның өзи бизди бәле-бетерлерден асырайды, бизге күш-қүдирет инам етеди, жолымызды ашып береди”.[68]

Ғәрезсизлик жылларында мәнәўий-мәрипий жумыслардың жаңа, дәўир талабы ҳәм мәплерине мәс келетуғын жетилистирилген системасы қәлиплескен. Жүзлеп музейлер, мәдения үйлери ҳәм сарайлары, хабар ресурс орайлары, мәдения ҳәм дем алыў бағлары халқымызға хызмет ете баслады.

Республикамызда ***мәҳәлле*** институты қайта тикленди, мәҳәлле ақсақаллары ҳәм пуқаралар жыйынларының баслықларының мәнаўий-мәрипий ислер бойынша мәсләҳәтшилер дизими пайда болды. Мәҳелле шаңарақ ҳәм оқыў орынлары менен бирликте ислейтуғын тәрбия мектебине, демократияны турмысқа еңгизиў орнына айналды.

Миллий мәнәўий тиклениўде ана тилиниң роли уллы екенлиги сөзсиз. Өйткени, Президентимиз айтқанындай, «**өзликти аңлаў, миллий сана ҳәм ой пикирдиң сүўретлениўи, әўладлар ортасындағы руўхый-мәнәўий байланыс тил арқалы жүзеге шығады…** Ана тили –бул миллеттиң руўҳыдыр».[69] Тоталитарлық советлик дәўирде тилимиздиң қорланғаны бәршеге мәлим. Сонлықтанда, ғәрезсизлик дәўиринде мәнәўий тиклениўди тилге жаңаша мүнәсибетти орнатыўдан баслаў керек болды. 1989 жылы 21 октябрьде өзбек тилине, 1989 жыл 1 декабринде қарақалпақ тилине мәмлекетлик тил статусы берилди. Журтбасшымыз айтқанындай, бул ўақыя бир ярым әсирлик қарамлылықтан кейинги ўатанымыз тарийхындағы сөздиң шын мәнисиндеги уллы ўақыя еди. Усыннан баслап мәнәўий мийрасымызға тийисли араб, рус, англичан ҳәм басқа тиллердеги шығармалар ана тилимизге аўдарыла басланды. Мәмлекетти басқарыў системасында ис жүритиў, жасларға билим ҳәм тәрбия бериў ана тилимизде жүритилмекте.

Мәнәўиятымызды қайта тиклеўдиң ҳәм раўажландырыўдың ең әҳимийетли буўыны билимлендириў ҳәм тәрбия системасы екенлиги ҳәммемизге белгили. Президентимиздиң усынысы ҳәм тиккелей басшылығында «Тәлим ҳаққында нызам», «Кадрлар таярлаўдың миллий дәстүри», «Мектеп тәлимин раўажландырыўдың улыўма миллий дәстүри» ҳәм «Сағлам әўлад дәстүр» лериниң қабыл етилиўи халқымыздың мәнәўий дүньясын жәҳан аўқамы жетискен дәрежеге көтериўге қарай қаратылған уллы илажлар болды. Олар табыслы әмелге асырылмақта. Билимлендириў системасының имаратлары ҳәм олардағы илимий-техникалық база жәҳан стандартлары дәрежесине жеткерилмекте. Мыңлап ең талантлы жаслардың раўажланған шет ел мәмлекетлериндеги жоқары оқыў орынларына барып билим алыўы ушын барлық жағдайлар дүзилди. Президентимиздиң усынысы менен дүзилген “Мәҳелле”, “Камалат”, “Сағлам әўлад ушын”, “Нураний”, “Улуғбек”, “ Умит”, “Устаз” ҳәм т.б қорлар миллий мәнәўиятымызды жаңа шыңларға көтериўге өз үлеслерин қоспақта.

Ғәрезсизлик жылларында қалалардың, мәҳәлле, аўыл ҳәм көшелердиң тарийхый атларын қайта тиклеўге Ғәрезсизлик байрамлары, Қәтире ҳәм қәдирлеў күни, Муғаллимлер ҳәм устазлар күни, Конституция күни салтанатларының мәнәўий-тәрбиялық әҳимийетин арттырыўға айрықша дыққат берилди.

Миллий мәнәўиятымызды дүнья көлеминде нәсиятлаўшы ҳәр еки жылдан Самарқандта “Шарқ тароналары” музыка фестивалы өткериле баслады. Дәллили мағлыўматлар бойынша «Тарона» барлық кексе ҳәм жас, барлық кәсип ийелери, данышпанлар ҳәм улаўмалар жақсы көрип тыңлайтуғын музыка, күй болған. Оны адамлар көңли ҳәм денелерин азада етип, тәрет алып, әдиўли нийетлер ҳәм арзыў - арманлар менен тыңлаған. Соның ушын да бизде дәстүрге айланған халықаралық музыкалық фестивал «Шарқ тароналари» деп аталған. «Шарқ тароналари» - бул тек музыкалық жарыс яғный әпиўайы конкурс емес, ал улыўмаинсаныйлықты ҳәм миллийликти бириктирген музыка байрамы, дөретиўшилик, гөззаллық, әдиўлиликти жырлаўшы музыка байрамы. Ол Өзбекстан халықларының, бәринен бурын, өзбек халқының тарийхы, искусствосы,

[68] И.Каримов. Биз келешегимизди өз қолымыз бенен қурамыз. Т-7., Т. “Ўзбекистон”, 183-184 бетлер.
[69] И.Каримов. Юксак маънавият - енгилмас куч. Т., “Маънавият”, 2008, 83 бет.

музыкасын бирлестирип, журтымызды дүньяға танытатуғын байрам, халықлар арасында мәдений байланысларды беккемлейтуғын байрам.

«Шарқ тароналари» фестивалына дүньяның барлық жерлеринен – Азия, Европа, Америка, Африка, Австралия ўәкиллери қатнасып келмекте. 1997 жыл болған фестивалда 31-мәмлекеттен, 2007-жылы болған VI фестивалда 54 мәмлекеттен ўәкиллер қатнасқан болса, 2009 жылғы VII «Шарқ тароналари» фестивалына 47 мәмлекеттен 260 аслам талант ийелери қатнасты. 2009 жылы фестивалдың ашылыўына Өзбекстан Республикасының Президенти Ислам Каримов қатнасты ҳәм қатнасыўшылар алдында қутлықлаў сөз сөйледи. Сондай-ақ, фестивалға халықаралық шөлкемлер ўәкиллери, атап айтқанда ЮНЕСКО ўәкили қатнасты. «Шарқ тароналари» фестивалы дәўирлерден дәўирлерге өтип киятырған миллий халық музыкасын сақлаўға, улыўмаинсаный қәдириятларды тағыда раўажландырыўға хызмет етеди. «Шарқ тароналари» фестивалына жоқары баҳа берип Президентимиз Ислам Кәримов былай деген еди: «…Бул фестивал Шығыс әлемин ҳәм философиясын, теңи тайы жоқ гөззаллық, нәзикликти сәўлелендиретуғын, инсан қәлбиниң ең нәзик ноқталарына жетип баратуғын нама ҳәм қосықларды, әййемги образларды жанландырыўы менен адамды пүткиллей бийлеп алатуғын ҳәм өзине шайда ететуғыны турған гәп.

Соның менен бирге, бул фестивал биз жасап атырған бүгинги қәўетерли ҳәм қыйын заманда халықлар арасында бирге ислесиў байланысларын беккемлеў, өмир бағышлаўшы сазлар арқалы адамлардың қәлбине инсаныйлық туйғыларды оятыў, бир тутас тамырларды бир-бирине жалғаў сыяқлы уллы мақсетлерге хызмет ететуғыны менен айрықша дыққатқа сазаўар».[70]

Ташкент, Нөкис қалаларында ҳәм районларда ески дүзим идеологиясын сәўлелендирип турған естеликлер орнына халқымыздың руўхый дүньясына сай болған Қәтире майданлары шөлкемлестирилди, оларда Матам тутыўшы ана ҳәйкеллери орнатылды. Совет дәўиринде тоталитаризм идеологиясын нәсиятлаўдың ең күшли қуралына айлантырылған монументал искусство саласына қатнас ғәрезсизлик дәўиринде пүткиллей өзгерди, оған жаңаша, миллий, инсан сүйгишлик мазмун берилди. Президентимиздиң тиккелей қатнасында Ташкент, Самарқанд, Шахрисабз қалаларында Амир Темур ҳәйкели, Ферғана - қаласында Ахмед Ферғаний, Ургенчте – Муса Харезмий ҳәм Жалаладдин Мангуберди, Наўайы қаласында-Алишер Наўайы, Ташкенте – Ғафур Ғулам, Абдулла Қаххар, Зулфия ҳәм басқада мәнәўият ғайраткерлериниң ҳәйкеллери, Термизде Алпамыс, Қаршиде “Ел-журт таяншы” ҳәм басқада монументал искусство естеликлери жарық көрди. Ташкент қаласында орнатылған Ғәрезсизлик ҳәм әдиўлилик монументи ҳәм Матам тутыўшы ана ҳәйкели ҳәзирги заман монументал искусстовосының әжайып үлгиси деп тән алынды. Президентимиз айтқанындай, арадан жыллар, әсирлер өтеди, заманлар өзгереди, бирақ бул еки естелик комплекслери бәрҳама халқымыз мәнәўиятының ажыралмас бөлеги болып қала береди.

Ғәрезсизлик жылларында Ташкент қаласында “Туркистон” сарайы, Алийшер Навоий атындағы миллий бағ, Темурийлер тарийхы мәмлекетлик музей, Миллий академик театр бинасы, Олий Мажлис ҳәм Сенат биналары, Өзбекстан мәмлекетлик консерваториясының оғада гөззал ҳәм көркем имараты ҳәм басқада көплеп қурылыслар әмелге асырылды.

Ҳәзирги күнде Өзбекстан Республикасы Мәдeният ҳәм спорт ислери министирлиги дизиминдеги 2143 клуб мәкемелери, 87 музей, соның ишинде 18 тарийхый, 25 үлкетаныў, 10 көркем, 16 мемориал, 18 басқа бағдардағы музейлер, сондай-ақ, 60 тан аслам мәдeният ҳәм дем алыс бағлары ҳәм 37 профессионал театр жәмәәтлери, 2500 ден артық кинотеатр елимиз пуқараларына мәнаўий-мәдений хызмет көрсетпкете.

---

[70] Президент Ислам Каримовтың “Шарқ тароналари” жетинши халықаралық музыка фестивалының ашылыўына бағышланған мәресимдеги қутлықлаў сөзи. “Еркин Қарақалпақстан” газетасы, 29-август, 2009-жыл

Мәмлекетимизде ҳәр тәреплеме жетик жасларды тәрбиялаўда 1997-жылы қабыл етилген “Билимлендириў ҳаққындағы нызам” ҳәм “Кадрларды таярлаўдың миллий дәстүри” уллы әҳимийетке ийе болды, олар тийкарында билимилендириў системасы мазмуны бойыншада пүткиллей жаңа заманға ылайық басқышқа көтерилди. Республикада 4600 дан аслам улыўма билим беретуғын мектеп, 1150 ден аслам Академиялық лицей ҳәм кәсип-өнер колледжлери жаңадан қурылды яки реконструкцияланды, заманагөй оқыў лабаратория үскенелри менен тәмийинленди. Бул иләжларға 5 млд доллардан артық қаржы жумсалды.

Елимизде 65 жоқары оқыў орынлары студентлерге билим бермекте. Өзбекстан ҳүкметиниң белсендилиги менен Ташкенте Уллы Британияның халық аралық Вестминистр университети бөлими, М.В.Ломоносов атындағы Москва мәлекетлик университетиниң, И.М.Губкин атындағы Россия нефт ҳәм газ университетиниң, Г.В.Плеханов атындағы Россия экономика академиясының филлиаллары ашылды. Мәмлектимиз ихтияжларын есапқа алып жаңа кәсипликлер бойынша кадрлар таярлаў иси жолға қойылды. Жасларымызға шет еллерде оқыўға ҳәм қәнигелигин асырыўға мүмкиншиликлер жаратылды. Бүгинги күнге келип буннан басқа да көплеген илажлардың әмелге асырылыўы нәтийжесинде бир неше шет ел тиллеринде сөйлесе алатуғын, усының менен бирге өз ана тилинде пикирин анық ҳәм гөззал етип баян ете алатуғын, ҳәзирги заман илим-билимли жәнe көнлигиўлери менен қуралланған жаңа қәнийгелер әўлады пайда болды. Олар келешеги уллы Өзбекстанды ҳәр тәреплеме раўажландырыўға ҳәрекет етпекте.

Мәнәўий-мәдений алға илгерилеўде ғалаба хабар қуралларының өзине тән айрықша орны бар. Ҳәзирги дәўирде мәмлекетимизде 600 дан артық газета, 160 тан артық журналлар басып шығарылмақта, 50 ден артық телерадио компаниялар ҳәм студиялар инсанларды тәрбиялаўға хызмет етпекте. Интернет системасында ҳәрқыйлы хабар ҳәм мағлыўматлар алыўды тәмийинлемекте. Президент Ислам Каримовтың «Ең тийкарғы өлшем – турмыс ҳақыйқатлығын сәўлелендириўден ибарат» атлы мийнетинде бул тараўда алда турған ўазыйпалар кең түрде баян етилген.

Ғәрезсизлик дәўиринде Президентимиз тәрепинен ҳәр бир жылға оғада тийкарланған ат берилиўи де халқымыз мәнәўий дүньясын жетилистириўге хызмет етпекте. 1997 жылдың - Инсан мәплери жылы, 1998 жылдың – Шаңарақ жылы, 1999 жылдың - Ҳаял-қызлар жылы, 2000 жылдың – Саламат әўлад жылы, 2001 жылдың – Аналар ҳәм балалар жылы, 2002 жылдың - Қарияларды қәдирлеў жылы, 2003 жылдың - Мәҳәлле жылы, 2004 жылдың – Мийри мириўбет жылы, 2005 жылды – Саламатлык жылы, 2006 жылдың - Қәўендерлер ҳәм шыпакерлер жылы, 2007 жылдың – Социаллық қорғаў жылы, 2008 жылдың – Жаслар жылы, 2009 жылды – Аўылдың раўажланыў ҳәм пәраўанлығы жылы, 2010 жылдың - Бәркамал әўлад жылы деп жәрияланыўына байланыслы ҳәр жылы арнаўлы мәмлекетлик дәстүр негизинде оғада терең ойланылған, адамларға рууҳый азық бериўши мәнәўий - тәрбиялық илажлар өткерилди, халқымыздың социаллық-турмыслық жағдайын жақсылаў бойынша оғада көп жумыслар орынланды, бул ислер ҳәзирде жедел даўам еттирилмекте.

Өзбекстан зәмийини, яғный бизиң ата-бабаларымыз қәдим-қадимнен жасап келген муқәддес жurты Шығыс ҳәм Батыс, Арқа ҳәм Қубланың әййемги өтмиши ҳам уллы келешегиниң тутасқан орны, илим ҳәм мәденияттың ең әййемги ошақларынан бири. Бизиң журтымызды әйймеги грек философы Гераклит “философиялық ой-пикирдиң бесиги” деп бийкарға айтпаған.

Бул жерде ертеден миллетлер ара татыўлық, динлер ара баўыркеңлик ҳүкимранлық етип келген. Усы дәстүрлер ҳәзирде елимизде тынышлық ҳәм татыўлықтың кепили, улыўмалық мақсет болған демократиялық пәраўан жәмийет қурыўдың гиреўи болып қалмақта.

Президентимиз Ислам Кәримов өзиниң шығармаларында ҳәм әмелий искерлигинде тек өзбек халкының ғана емес, ал Өзбекстанда жасаўшы 140 жақын миллет ҳәм

халықлардың мәнәуиятын, мәдениятын, миллий мийрасын, үрип-әдетлерин ҳәм дәстүрлерин қайта тиклеў, қәстерлеп сақлаў ҳәм раўажландырыўға, оларда “Өзбекстан бирден–бир Ўатан”, “Бул әзиз Ўатан - бәршемиздики, оның пәраўан келешеги ҳәм ығбалы ушын жасаў, гүресиў биз ушын ең үлкен бахыт” сезимин қәлиплестириўге биринши дәрежели ўазыйпа, мәмлекетлик сиясаттың үстинликке ийе бағдары сыпатында қарап келмекте. Ҳәзирги күнде Өзбекстанда 27 миллет ўәкиллери тәрепинен дүзилген 150 ге жақын миллий мәдений орайлар жемисли искерлик алып бармақта. Газеталар 10 тилде, журналлар 8 тилде басылмақта, Телерадио 10 тилде көрсетиў ҳәм еситтириўлер алып барады, орта ҳәм жоқары тәлим 7-тилде жүритиледи.

Президентимиз Ислам Каримов қарақалпақ халқының оғада бай мәнәуиятын қайта тиклеўге Өзбекстан басшылығына келген күнлерден- ақ айрықша итибар берди. Ол сол дәслепки дәўирлерден-ақ, мен тек өзбек халқының ғана емес, ал қарақалпақ халқының да перзентимен деп ашықтан-ашық жәриялады, ал Нөкис қаласының 60 жыллық байрамында “Өзбекстан тәғдири бул Қарақалпақстан тәғдири, Өзбек халқының тәғдири – бул қарақалпақ халқының келешеги” - деген еди.

Қарақалпақстан Республикасының мәдений, мәнәуий раўажланыўына Президентимиз идеялары негизинде дөретилген Өзбекстан Республикасының “Ғәрезсизлик декларациясы” (1990), “Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик ғәрезсизлигиниң тийкарлары ҳаққында” Нызам (1991), “Өзбекстан Республикасының Конституциясы” (1992) толық кепилликлер берди. Ғәрезсизлик қарақалпақ миллий мәнәуияты, оның уллы ойшылларының дөретиўшилик мийрасын қайта тиклеўге жол ашты. “Қарақалпақ халқы, - деген еди Ислам Кәримов, - әййемги ҳәм бай тарийхқа ийе. Ол өзиниң миллий мәденияты, өзине тән көркем өнери, классикалық әдебияты, мәнәуий байлықлары, үрип-әдетлери ҳәм дәстүрлери менен пүткил дүньяға мәлим.

Ғәрезсизликке байланыслы қарақалпақ халқы көплеген мәнәуий байлықларын қайта тиклеў мүмкиншилигине ийе болды”.[71]

Ғәрезсизлик шарапаты менен халқымыз тек ғана экономикасын, социаллық турмыс дәрежесин заманға ылайық раўажландырып қана қоймастан, усының менен бирге өзиниң бай тарийхын, миллий, мәнәуий-мәдений мийрасын, бай дәстүрлерин, үрип-әдетлерин, турмыс тәрзин қайта тиклеўге және оны дәўирге сай жаңа идеялар менен байытыўға ҳәм оларды дүньялық дәрежеге шығарыўға мүмкиншилик алды. Атап айтқанда, қарақалпақ халқының уллы ойшылы Бердақтың 170 жыллық юбилейи Президентимиздиң усы мәселеге арналған арнаўлы Пәрманы тийкарында жоқары дәрежеде өткерилди. Нөкис қаласында шығыслық архитектуралық стиль негизинде Бердақ музейиниң көркем имараты салынды. Пайтахтымыз Ташкент қаласында оның ҳәшеметли ҳәйкели орнатылды. Уллы бабамыздың буннан кейинги юбилейлик сәнелериде салтаналы түрде нышанланып келинбекте. Уллы классик шайыр, бабамыз Әжинияз Қосыбай улының 170 жыллық юбилейи терең идеялық-көркем илажлар менен белгиленди, Нөкис дем алыс бағына оның монументал ҳәйкели орнатылды. Бул жерде Бердақ бабамыздың атының Қарақалпақ мәмлекетлик университетине, ал Әжинияз бабамыздың атының Нөкис педагогикалық институтына берилиўин айрықша атап өтиў орынлы.

Президентимиз усынысы менен Бердақ бабамызды ҳәшеметли ҳәм көркем монументал ҳәйкелиниң Нөкис қаласының орайы болған ғәрезсизлик майданына орнатылыўы, ол жерде Жоқары Кеңесиниң жаңа көркем имаратының салыныўы ҳәм абаданластырыў ислериниң әмелге асырылыўы ҳәммеде руўхый көтериңкилик ҳәм қуўаныш сезимин пайда етти.

Ғәрезсизлик жылларында И.Савицкий атындағы Қарақалпақстан искусство музейиниң жаңа имараты салынды, ал тарийх-үлкетаныў музейи жаңа экспонатлар менен байыды, олардағы әжайып шығармаларға шет еллерден келиўши туристлердиң де қызығыўшылығы артпақта. Мәнәуий- тәрбиялық роли оғада зор болған музейлер

[71] И. Кәримов. Жаңаша ойлаў-дәўир талабы. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1997, 3 бет.

районларда да дүзилди. Әсиресе, Беруний қаласындағы уллы алым бабамыз Әбу Райхан Беруний музейи, Элликқаладағы С.П.Толстов атындағы тарийх-архиология музейи, Чимбайдағы халқымыз тарийхын, фольклорлық мәдениятын өзинде сәўленлендириўши музей ҳәм басқалар  жасларымыздың дүньяға көз-карасын қәлиплестириўге хызмет етпекте. Музейлеримиз даңқы жақын ҳәм узақтағы шет еллерге жайылмақта.

Қарақалпақстанды ашық аспан астындағы музейи деп тәриплесек дурыс болады. Республика аймағында халқымыздың адамзат тарийхындағы ең дәслепкилерден, мәденияты ең алдынғы қатардағылардан болғанын көрсетиўши оғада көп әййемги қалалар, архитектуралық, археологиялық естеликлер бар. Олардың биразы ЮНЕСКО ның қорғаўында турады. Бул естеликлер халық аралық туристлик әҳимийетке ийе болыўы менен бирге, жасларды мәнәўий-эстетикалық тәрбиялаўға, адамларымызда өзлигин аңлаў, Ўатаны менен мақтаныш етиў сезимлерин қәлиплестириўге хызмет етпекте.

Ғәрезсизлик жылларында әсирлер даўамында Қарақалпақстан халықлары әзизлеп келген, бирақ советлик тоталитаристлик ҳәкимшилик жылларында естеликлери бузылған, қорланған, атларын тарийхтан өшириўге ҳәрекет етилген әўлие ҳәм уламалардың атлары қайта тикленди, архитектуралық естеликлери дәслепки ҳалына келтирилди. Хожа Әхмед Яссаўийдиң шәкирти, аты пүткил ислам дүньясына белгили, ата-бабаларымыз өзлериниң пири есапланған Ҳәким ата-Сулайман Бақирғанийдың юбилейи журтымызда кең түрде нышанланды, бабамыз туўылған Қоңрат районында республика жәмийетшилигиниң қатнасында илимий-теориялық конференици болып өтти, оның “Бақырған китабы” атлы ҳикметлери Ташкенте баспадан шықты.

Ғәрезсизлик шарапаты менен қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосының барлық жанрлары ушын еркин раўажланыў жолы ашылды. Өзбекстан Қаҳарманлары, шайыр Ибраим Юсупов, жазыўшы Төлепберген Қайпбергеновлардың дөретпелери пүткил Өзбекстан мәдениятында гиреўли орынларға ийе болды. Ташкентте Қарақалпақстан мәденият күнлери, ал Қарақалпақстанда Ташкент мәденияты күнлери болып өтти. Биринши рет “Айжамал” атлы қарақалпақ балети дөретилди. Қарақалпақ художниклериниң көркем дөретпелери басқа журтларға да белгили бола баслады. Қарақалпақ халқының оғада бай мәнәўий мийрасы болған фольклордың 100 томлығы топланды ҳәм оның дәслепки томлары жарық көрди.

Ғәрезсизлик жылларында Қарақалпақстанда билимлендириў системасы бул салада қабыл етилген улыўмамиллий дәстүрлер негизинде пүткиллей жаңа басқышқа көтерилмекте. Оның материаллық-техникалық базасы жаңарды. Лицейлер ҳәм коллежлердиң хошеметли жайлары қурылды. Университет ҳәм педагогикалық института жаңа факультетлер ҳәм кафедралар ашылды. Президентимиздиң тиккелей көрсетпеси менен Ташкент аграр университетиниң, Ташкент педиатрия институтының, Ташкент хабар технологиялары университетиниң, Ташкент көркем-өнер институтының Нөкисте филиаллары ашылды.

Қарақалпақ алымларыда бул дәўирде үлкен табысларға еристи. Бурынғы Өзбекстан илимлери академиясының Қарақалпақстан филиалы бөлим болып қайта шөлкемлестирилди, жаңадан еки илимий изертлеў институты дүзилди. Илимий изленислер жоқары оқыў орынларында да табыслы алып барылмақта.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларында миллий-мәнәўий мийрасларымызды тиклеў бойынша ерисилген табыслар Президентимиздиң миллий-мәнәўий раўажланыў концепциясының дурыслығының, илимий объектив тийкарға ийе екенлигиниң ҳәм әмелге асыўының көриниси, ғәрезсизликтиң реал жүзеге шығыўы десек дурыс болады.

## 5. Президент Ислам Каримовтың “Жоқары мәнәўият – жеңилмес күш” атлы китабы - ҳәзирги дәўирдеги мәнаўий-идеологиялық жумыслардың дәстүри

Президентимиз Ислам Каримовтың 2008-жыл Ташкенте “Маънавият” баспасында жарық көрген **“Жоқары мәнәўият - жеңилмес күш”** атлы китабында автордың бул проблеманы узақ жыллар даўамында алып барған илимий-практикалық изертлеўлери улыўмаластырылған, бул мәселе бойынша жетик атақлы алым ҳәм әмелиятшы ғайраткер сыпатында мәнәўият философиясын баян еткен.

Пуқараларымыз, әсиресе, жасларымыздың санасына ҳәм қәлбине миллий мәнәўиятымызды, миллий идеяларды синдириў, идеялық бослыққа жол қоймаў, халқымызды зыянлы идея ҳәм идеологиялардан қорғаў бойынша кешиктирип болмайтуғын мәнәўий-идеологиялық ўазыйпалардың тийкарғы бағдарларын көрсетип берди.

Президентимиздиң “Жоқары мәнәўият - жеңилмес күш” атлы шығармасы кириспеден, төрт баптан, жуўмақтан турады.

Китаптың **<u>“Кириспе”</u>** синде Президентимиз халқымыздың бүгини ҳәм келешеги ушын мәнәўияттың роли оғада уллы ҳәм шешиўши әҳмийетке ийе екенлигин, өзлигимизди, тарийхымызды, қәдириятларымызды қайта тиклеў ушын қандай ислер алып барып атырғанлығымызды баян етеди.

Жамаа болып жасаў турмыс тәризи негизинде мың жыллар даўамында қәлиплескен мәнәўиятымыздың өзине тән белгилери ҳәм түсиниклери бар, олар басқалардикине уқсамайды, оны ҳәр қандай мәнаўий қәўиптен қорғаў лазым, мәнәўий бослыққа жол қойыў мүмкин емес. Президентимиз кириспеде “Мәнәўий қәўип” түсинигине кең түрде анықлама береди: “Мәнәўий қәўип дегенде, бәринен бурын, тили, дини, исениминене ғәрезсиз, ҳәр қайсы адамның шын мәнисте еркин инсан болып жасаўына қарсы қаратылған оның әйне руўхый дүньясын изден шығарыў мақсетин көзде тутатуғын идеологиялық, идеялық ҳәм информациялық топылысларды нәзерде тутыў лазым, деп ойлайман”. Оған қарсы қатаң ҳәм изшил гүрес алып барыў керек, дейди журтбасшымыз. Буны биз ата-аналар, устаз-тәрбияшылар жақсы түсиниўлеримиз, қырағылықты жоғалтпаўымыз лазым.

Президентимиз “Жоқары мәнәўиятқа ийе болған халық ҳеш кимге ҳеш қашан қарам болмайды, өзиниң әдиўли мақсетлерине әлбетте жетеди”,[72] - деп жуўмақлайды кириспени.

**“Мәнәўият – инсанның улғайыўы ҳәм күш-қүдиретиниң дерегидур”** деп аталған биринши бап **“Мәнәўиятты аңлаў”, “Мәнәўиятты қәлиплестиретуғын тийкарғы өлшемлер”, “Мәнәўий ҳәм материаллық турмыс уйғынлығы”** деп аталған параграфлардан турады. Усы бапта мәнәўият хаққында өзиниң және елимиз алымларының пикирлерин жуўмақластырып ҳәм раўажландыра отырып, Президентимиз мәнәўият түсинигине анықлама береди, ол туўралы жоқарыда сөз еттик.

Президенттиң пикиринше, “Мәнәўият” түсиниги инсанның ой-пикириндеги идеялық, идеологиялық, мәрипий, мәдений, диний ҳәм этикалық көзқарасаларды өзинде жәмлеп турады.

Шығармада мәнәўият түсинигиниң мәнис-мазмунын анықлайтуғын оның тийкарғы белгилери сыпатында инсанның руўхый пәклениўи, адамның ишки дүньясының ҳәм еркиниң беккем болыўы, инсанның ийман-исениминиң пүтинлиги, ҳүжданының пәклиги, сергеклиги оянған ҳалда болыў кереклиги мәселелери мысаллар менен кең түрде додаланады, Шайтанның көрсетпеси менен емес, ал Рахманның (Алланың) изми менен жасаў кереклиги оғада тәсирли пикирлер менен баянланады.

Мәнәўияттың тийкарғы өлшемлери мәселесин, китап авторы “Авесто”, “Алпамыс” дастанын, Наўрыз байрамы философиясын, муқаддес ислам мәнаўетин, Имам Бухарий, Имам Термизий, Имам Матуридий, Буханиддин Марғинаний, Баҳауддин Нақшбан, Муса Хоразмий, Аҳмад Фарғаний, Абу Райхан Беруний, Ибн Сина, Маҳмуд Замаҳшарий, Амир

[72] И.Каримов. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т., “Маънавият”, 2008, 17-бет.

Темур, Мирза Улуғбек, Алишер Наўайы мийрасын анализлеў, жадидшилик ҳәм XX әсирде жасаған илим ҳәм мәденият ғайраткерлериниң атларын ҳәм дөретиўшилилигин келтириў арқалы дәлиллейди. Шаңарақ, мәҳелле, тәлим-тәрбия системасының мәнәўий-тәрбиялық ролин терең анализлейди.

Китаптың екинши бабы **«Ғәрезсизлик - мәнаўий тиклениў ҳәм раўажланыў»** деп аталып, ол **“Миллий идея ҳәм мәнәўий турмыс”, “Мәнәўият ҳәм жәмийеттиң жаңаланыўы”, “Реформалар ҳәм олардың мәнәўий өлшеми”** атамасындағы параграфларға бөлинген. Оларда миллий идея түсинигиниң мәнис-мазмуны, миллий идеяның бағдарлары болған журт тынышлығы, Ўатанның гүллениўи ҳәм раўажланыўы, халық пәраўанлығы идеяларының тийкарғы мәниси ашып берилген, миллий идеяның ажралмас қурам бөлеклери болған кәмил инсан, жәмийетлик бирге ислесиў, миллетлер ара татыўлық, динлер ара бауыркеңлик принциплериниң мәнәўий тәрбиядағы роли баянланған.

Усы бапта еркин пуқара мәнәўиятын қәлиплестириўде миллий қәдриятлардан пайдаланыўдың өзине тән айрықшалықлары, миллеттиң руўхы болған ана тилдиң мәнаўий процесслердеги роли кең түрде баян етилген. “Биз ата-бабаларымыздан әўладларға өтип киятырған бийбаҳа байлықтың мийрасхорлары сыпатында ана тилимизди асрап-абайлап сақлаўымыз, оны байытыў, әҳмийетин және де асырыў үстинде турақлы ис алып барыўымыз зәрүр”,[73] - деп жуўмақ шығарады Президентимиз. Ана тилимизден пайдаланыўда гейпара кемшиликлердиң бар екенлигин ашып көрсетиў менен бирге, латын жазыўына өтиўге байланыслы өз пикирлерин ортаға қояды.

Бул бапта журтымызда жасаўшы ҳәр бир инсан өзин, бәринен бурын, Өзбекстан пуқарасы деп сезиўи лазымлығы туўралы оғада әҳмийетли пикирлер баянланған, көшелерге ат қойыўда совет дәўиринде жол қойылған кемшиликлерди сапластырыў, дүньялық мәмлекетте динге мүнәсибет, миллий үрип-әдетлеримиз, тарийхый қәтире мәселелери кең түрде илимий тийкарда жанлы мысаллар менен сөз етилген.

Китаптың усы бабында Өзбекстанда административлик-буйрықпазлық системадан еркин базар мүнәсибетлерине тийкарланған ҳуқықый мәмлекет, демократиялық жәмийетке өтиўдиң өзбек моделиниң принциплери, Өзбекстанның өзине тән жолының халқымыз турмыс талапларына сай екенлиги, елимизде жүргизилип атырған реформалардың халқымыздың мәнаўий-руўхый көз-карасларына сай келетуғынлығы ҳаққында терең пикирлер ортаға қойылады. **“Реформа – реформа ушын емес, бәринен бурын инсан ушын, оның пәраўан турмысы ушын хызмет қылыўы керек”,**[74] - деген мақсеттиң барлық салаларда әмелге асып атырғанлығын, базар экономикасы тусында мәнаўий-әдеп-икрамлық қәдириятлардың баҳасының түсип кетпейтуғынлығын Президентимиз исенимли дәлиллеп береди.

Китаптың үшинши бабы **“Мәнаўиятымызға қәўип - өзлигимиз ҳәм келешегимизге қәўип”** деп аталып, ол **“Глобалласыў процесслери ҳәм мәнаўий қәўиплер”** ҳәм **“Пикирге қарсы пикир, идеяға қарсы идея”** деп аталатуғын еки параграфлардан турады. Президентимиз өз мийнетиниң бул бабында ҳәзирги заманның ҳақлы рәўиште глобалласыў дәўри деп аталатуғынын көрсете келип, глобалласыў процессиниң мәнис-мазмунын кең баянлайды, оны тек әдиўли мақсетлерде ғана емес, соның менен бирге жаўызлық нийетлерде пайдаланыўға умтылыўшылардың бар екенин атап көрсетеди.

Ҳәзирги заманда, дейди журтбасшымыз, идеология полигонлары ядро полигонларынан да көбирек күшке ийе. Усыған байланыслы жасларда идеологиялық иммунитетти қәлиплестириўимиз, барған сайын күшейип баратырған идеологиялық, мәнаўий қәўиплерге қарсы бәрҳама сергек, қырағы ҳәм сезгир болып жасаўымыз керек, усы талаплар орынланғанда ғана қүдиретли күшке айналады.

[73] Сонда, 87 бет.
[74] Сонда, 106 бет.

Усы бапта “еркинлик ҳәм демократияны алға жылжытыў” нықабы астында гейпара мәмлекетлердиң жүргизип атырған сиясатының ғәрезли мәниси, “массалық мәденият” нықабы менен бийәдеп бузықлық ҳәм зорлық, индивидуализм, эгоцентризм идеяларының тарқатылыўының зыяны, оның миллий мәнаўиятқа қәўпи ашып берилген.

Китап авторы ҳәзирги идеологиялар тартысыўы кескин түс алып атырған жағдайда, биз ушын оны жүритиўдиң принципи **“пикирге қарсы пикир, идеяға қарсы идея, наданлыққа қарсы мәрипет”** екенин тағы бир рет атап көрсетеди.

Мәнәўий қәўип түрли көринисте, ойламаған жерде пайда болыўы мүмкин. Соның ушын бәрҳәма қырағы болыў, жәмийетимизде идеологиялық бослыққа жол қоймаў, жасларымызда идеологиялық имунитетти қәлиплестириў, олардың ҳәзирги заман дәрежесинде мәнәўиятлы ҳәм мәрипетли болыўын тәмийинлеў зәрүр. Өз Ўатанына шын берилген, билимли, жоқары мәнаўиятлы жасларымызды диний экстремизм ҳәм терроризм де, ямаса “массалық мәдениияттың” бузық, жаўыз идеялары да жолдан шығара алмайды.

Президентимиз жасларымызды мәнәўий агрессиядан қорғаў туўралы айта келип, ески заманлардан қалып киятырған гейпара намақул адеплер туўралы да өз пикирин ашық ортаға қояды. Эгоизм ҳәм немқурайдылық, қарындас-урыўшылық ҳәм жерлеслик, коррупция ҳәм мәппаразлық, басқаларды менсинбеслик усаған иллетлерден биринши гезекте қутылыўымыз керек, деп есаплайды. Журтбасшымыз унамсыз қәсийетлердиң турпайы көриниси болған күншиллик (иши тарлық), сатқынлық, бийпәрўалықтың да жәмийет ушын зыянын оғада исенимли түрде көрсетип береди.

Усы баптың ақырында жәмийетлик пәнлердиң мәнаўий тәрбиядағы роли, оларда еле орын алып отырған кемшиликлер, ҳәзирги күндеги ўазыйпалары, илимий-изертлеў объектлери, бул пән қәнигелеринен мәмлекетимиз ҳәм жәмийетимиз нелерди күтип отырғаны күтә терең ҳәм тыянақлы анализленген. Оларды басшылыққа алыў, жәмийетлик пәнлерди оқытыўды, үйрениўди ҳәм илимий изертлеўлерди түп-тамырынан жетилистириў - бул тараўда ислеўшилердиң ҳәм миннети, ҳәм парызы, ҳәм халық алдындағы қарызы!

**“Ўатанымыз раўажланыўының беккем фундаменти”** деп аталған төртинши бап **“Инсан қәлбине жол”**, **“Ең уллы мәртлик”** атлы еки параграфлардан ибарат. Онда көрсетилиўинше, мәнәўиятты терең анализлеў оның жәмийет ҳәм ҳәр бир инсан өмириндеги орнын үйрениў жоқары мәнәўият – жеңилмес күш екенин дәлиллейди. Оны усындай күшке айлантырыў ушын қандай жумысларды әмелге асырыўымыз керек? – деген саўалды қойыў орынлы. Президентимиз пикиринше, инсан қәлби ҳәм ой-пикирине тиккелей тәсир етиўши барлық салаларда, атап айтқанда, тәлим-тәрбия, баспа сөз, телевидение, театр, кино, әдебият, музыка, сүўретшилик ҳәм ҳәйкел ислеў искусствосында мәнаўий тәрбиялық ислерди күшейтириўимиз дәркар. Китапта усы салалардың ҳәрқайсысы бөлек анализленген, ондағы табыслар, кемшиликлер, ўазыйпалар ашық-айдын көрсетип берилген.

Әдебияттың мәнәўий алға илгерилеўдеги орны ҳаққында мәселде Президентимиздиң 2009 йил 24 июньдеги Өзбекстан жазыўшылар аўқамы баслығы Б.Алимов пенен болған сәўбетинде тағы бир мәртебе ҳәр тәреплеме көрсетип берилди. “Бүгинги қурамалы ҳәм қәўип-қәтерге толы заманда жазыўшының адамзаттың ертеңги күнин ойлап, оларды әдиўлилик, инсап-диянат, мийру-муҳаббат ҳәм баўыркеңликке шақырыўға қаратылған жалынлы сөзи бурын көрилмеген дәрежеде оғада әҳимийетли болмақта. Яғный, жазыўшы “Ҳей адамзат, көзиңди аш, сен не ушын жасап атырсаң, инсап деген жоқары атаққа ылайық болыў ушын не ислеп атырсаң?- деген саўалларды китап оқыўшысы алдына, жәмийет алдына қатаң қоя алса, ойлайман, өзиниң инсаный ҳәм дөретиўшилик миннетин орынлаған болады”[75] - деп айрықша атап көрсетти журтбасшымыз “Әдебиятқа итибар - мәнәўиятқа, келешекке итибар” деген ат пенен басылып шыққан бул сәўбетлесиўинде. Президентимиздиң бул мийнетинде жазыўшылар

---

[75] Адабиётга эътибор – маънавиятга, келажакка эътибор. Президент Ислам Каримовтың Өзбекстан Жазыўшылар аўқамы баслығы Б.Алимов пенен сәўбетлесиўиндеги пикирлери. «Халқ сўзи» газетасы, 2009 жыл 3-июль, № 132

уйымының ҳәм ҳәрбир жазыўшының алдында турған ўазыйпалар избе-из таллап берилген, жазыўшыларды қоллап-қуўатлаў, бул ушын айрықша "Дөретиўшилик фондын" дүзиў, жазыўшылардың қәлем ҳақысы мәселесин шешиў, жас дөретиўшилерди қоллап қуўатлаў, ҳақыйқый талант ийелери болған жаслардың биринши шығармасын мәмлекет есабынан басып шығарыў усаған көплеген ҳәмме көптен күтип жүрген пикирлерди ортаға қойды.

Инсан қәлбине жол, бәринен бурын, тәлим-тәрбиядан басланады. Усыған байланыслы журтбасшымыз оқытыўшылық ҳәм устазлықтың кәсиплер ишинде ең әдиўлиси екенин оғада образлы сыпатламалар менен дәлиллейди. Өзбекстанда 1-Октябрьдиң Оқытыўшылар ҳәм устазлар күни деп жәрияланыўының терең мәнисин көрсетип береди.

Китаптың усы бабында мәҳеллениң мәнаўий тәрбиялық ролиниң артып барыўы, әдебият ҳәм искусствоның, мәдeният ҳәм баспа сөз салаларының идеологиялық қысымнан қутылып, оларда дөретиўшилик ушын зәрүрли жағдайлардың жаратылғанлығы, бул тараў хызметкерлериниң бүгинги ўазыйпалары терең баянланады, массалық хабар қуралларының қүдиретли күшке айланыўына байланыслы хабар-коммуникация технологияларынан, интернеттен пайдаланыўға таяр болыўымыз керекли айрықша атап көрсетиледи. Сондай-ақ, музыка, искусство, миллий эстрада, әсиресе, монументал искусстводағы машқалалар ҳәм ўазыйпалар кең түрде оқыўшыға түсинтириледи. Президентимиздиң Саҳибқыран Амир Темурдың анық ҳәм ҳақыйқатлыққа туўры келетуғын келбети (сүўрети) мәселесин ҳәм оның Ташкент, Самарқанд жәнe Шаҳрисабздеги монументал ҳәйкеллерин жаратыў процессин избе-из баянлаўы кимде болсада қызығыўшылық ҳәм журтбасшымыздың илимий, тарийхый билимлериниң логикалық пикирлеўиниң тереңлигине ҳәм шынлығына таң қалыўшылық жәнe рыза болыўшылық сезимин оятады.

Президентимиз нәрестелер, жас балалар ушын қуўыршақ ҳәм ойыншықлар ислеп шығарыў мәселесине айрықша дыққат аўдарады, олардың жаслардың мәнаўий әлемин қәлиплестириўдеги ролин көрсете отырып, миллий қуўыршақ ҳәм ойыншықлар дөретиўши қәнигелердиң кереклигин айтады, оларға қойылатуғын талапларды баянлайды.

Усы бапта Президентимиз тәрепинен ең уллы мәртлик – бул мәнаўий мәртлик – деп жәрияланады. Китап авторы мәнәўий мәртлик мәнис-мазмунына терең түсиник береди, бул сезимниң пүткил адамзатқа тән қәсийет екенин Сократтың шәкирти Платонның, орта әсир Европадағы Николай Коперник, Жордано Бруно, Галилео Галилей, XX әсирдеги Ҳиндистанның жәмийетлик ғайраткери Махатма Гандидиң искерликлери арқалы дәлиллейди.

Президентимиз Бағдаттағы "Байтул-хикма" ҳәм Хорезм Мамун академиясында хызмет көрсеткен журтласларымыздың, Нажмиддин Кубра, Жалалладдин Мангуберди, Амир Темурлардың, жәдид бабаларымыздың фидайылылығын ҳәм мәнаўий мәртлигин айрықша баян етеди.

Ҳақыйқый қаҳарманлық, мәнәўий мәртликтиң белгилерин көрсете келип, Президентимиз өзи жақсы билетуғын адамлар ишинде мәнәўий мәртлердиң бар екенлигин оғада күшли теңеўлер менен баянлайды. Ол туўралы биз жоқарыда сөз еттик.

**«Ҳәр күни, ҳәр саатта пидайы болыў, өзин тамшыма-тамшы, избе-из уллы мақсетлерге қарай шаршамастан, талықпастан, тынымсыз бағдарлап барыў, бул пәзилетти бәрҳама болатуғын, күнделикли искерлик өлшемине айлантырыў – ҳақыйқый қаҳраманлық ҳаслында мине усы...»,**[76] – деген Президентимиз пикириниң мәнис-мазмунын терең уғып алыўымыз, бул көрсетпелерди турмыслық қағыйдаларға айлантырыўымыз ҳәрбиримиздиң әдиўли ўазыйпаларымыз болмағы лазым!

Китаптың "Жуўмағында" мәнаўияттың қатып қалған догмалар (ақийдалар) жыйындысы емеслиги, керсинше, бәрҳәме ҳәрекеттеги үзликсиз процесс екени, раўажланыў барысында мәнаўий турмыс алдына жаңа талаплар қойылып барылатуғынлығы, ҳәрқандай қыйыншылықларға қарамастан халқымыздың мәнәўий

---

[76] И.Каримов. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т., "Маънавият", 2008, 165 бет.

әлеми күшейтип ҳәм жоқарылап баратырғанлығы көрсетиледи. **“Себеби,** - дейди Президентимиз Ислам Каримов, - **халық – уллы ҳәм әдиўли жолдан илгерилеп баратырған үлкен кәрўанға усайды. Оны жолдан шығарыўға урыныўшылар, пайыт пайлап арқасынан топылыс жасаўшылар ҳәмийше болған, буннан кейин де болыўы мүмкин. Кәрўан хәтерсиз болмас, деген гәп әйтеўир айтылмаған. Бирақ халық кәрўанын ҳеш қандай күш кейинге қайтара алмайды. Неге дегенде, халықтың қәлбинде не-не әўладлардан мийрас жеңилмес күш - мәнаўият бар”.**[77]

Ислам Каримовтың “Жоқары мәнәўият - жеңилмес күш” атлы шығармасында ортаға қойылған мәселелер, шешимлер, жуўмақлар елимиздиң барлық пуқараларына, әсиресе, жасларымызға оғада пайдалы, баҳалы пикирлер болып, оларды терең ҳәм ҳәр тәреплеме үйрениў, өз жүрегине ҳәм қәлбине сиңдириў, оларды әмелге асырыў ушын пүткил күш қүдиретиңди, ақыл-ойыңды, жигериңди жумсаў бүгинги күнниң баслы талабы болып есапланады. Өйткени, китаптың пүткил мазмуны халқымыздың мәнаўиятын асырыў ҳәм раўажландырыўға, әсиресе жас аўладтың қәлби ҳәм санасын түрли зыянлы идеялар тәсиринен қорғаўға қаратылған.

Президентимиздиң көрсетиўинше, мәнеўият қатып қалған қағыйдалар жыйынтығы емес, ол бәрҳама ҳәрекет етип туратуғын үзликсиз процесс, соның ушын раўажланыў даўамында мәнәўий салада жаңа машқалалар ҳәм ўазыйпалар пайда болып турады. Оларды ўақтында аңғарып ҳәм шешип барыў ҳәзирги әўладттың, әсиресе жасларымыздың әдиўли миннети.

Жасларымыз алдына халқымыздың мәнәўий мийрасын раўажландырыў ҳәм жаңа басқышларға көтериў ўазыйпасы тур, бул ушын олар жоқары мәнәўиятлы, билимли, саўатлы, терең пикирли болыўлары, шет ел тиллерин тыянақлы билиўлери керек. Миллий мийрасымызды раўажланыдырып, оны заман талаплары дәрежесине жеткизиўлери, дүнья халықларының мәнәўий саладағы ең унамлы табысларын қабыл етип, мәнәўий мийрасымызды XXI әсир дәрежесине көтериўлери лазым. Бул ўазыйпаны орынлаўда ҳәммемиз ушын журтбасшымыз Ислам Кәримовтың мәнәўий мәртлиги, халқымызды мәнәўий раўажландырыў ушын әмелге асырып атырған ийгиликли ислери өрнек болыўы тийис. Президентимиз ислеп шыққан миллий-мәнәўий тиклениў, жаңаланыў ҳәм раўажланыў концепциясын турмысқа енгизиў, миллий идея ҳәм миллий идеологияда өз сәўлесин тапқан әдиўли мақсетлерди әмелге асырыў ушын ҳәммемизден, әсиресе, турмысқа кирип киятырған жас әўладтан пидайылық көрсетиў талап етиледи. Бул халқымыздың ҳәзирги әўлад алдына қойып отырған әдиўли тилеги ҳәм тапсырмасы! Оған садық болыў - ҳәммемиздиң миннетимиз, парызымыз ҳәм халық алдындағы қарызымыз!

---

[77] Сонда, 172 бет.

**Тийкарғы әдебиятлар:**


Каримов И.А. Истиқлол йўли: муаммо ва режалар. Т., “Ўзбекистон”, 1992.

Каримов И.А. Өзбекстанның өзиниң жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1993.

Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т., “Ўзбекистон”, 1993

Каримов И.А. Ғәрезсизлик ҳәм руўхыйлық. Нөкис., “Қарақалпақстан”, 1994

Каримов И.А. Өзбекстанның жәмийетлик-сиясий ҳәм экономикалық раўажланыўының тийкарғы принциплери. Нөкис., “Қарақалпақстан”, 1995.

Каримов И.А. Өзбекстан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында. Нөкис., “Қарақалпақстан”, 1997.

Каримов И.А. Өзбекстан XXI әсир босағасында: қәўипсизликке қәўип, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери. Нөкис., “Қарақалпақстан”, 1998.

Каримов И.А. Баркамол авлод – Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори. Т., “Ўзбекистон”, 1997.

Каримов И.А. Жаңаша ойлаў - дәуир талабы. Т., “Қарақалпақстан”, 1997.

Каримов И.А. Тарихий хотирасиз – келажак йўқ. Т., “Ўзбекистон”, 1998.

Каримов И.А. Жамиятимиз мафкураси халқни – халқ, миллатни – миллат қилишга хизмат этсин. Т., “Ўзбекистон”, 1998.

Каримов И.А. Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда. Т., “Ўзбекистон”, 1999.

Каримов И.А. Өз келешегимизди өз қолымыз бенен қурып атырмыз. Нөкис., “Қарақалпақстан”, 1999.

Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт – пировард мақсадимиз. Т., “Ўзбекистон”, 2000.

Каримов И.А. Миллий мафкура – давлатимиз ва жамиятимиз қўрилишида биз учун руҳий-маънавий куч-қувват манбаи. Асарлар, 8-том. Т., “Ўзбекистон”, 2000.

Каримов И.А. Миллий истиқлол мафкураси – халқ эътиқоди ва буюк келажакка ишончдир. Т., “Ўзбекистон”, 2000.

Отамуратов С., Мамашокиров С., Халбеков А., Марказий Осиё: ғоявий жараёнлар ва мафкуравий маҳдидлар. Т., “Янги аср авлоди”, 2001.

Каримов И.А. Ўатанымыз тынышлығы ҳәм қәўипсизлиги өз күш-қүдретимизге, халқымыздың татыўлығы ҳәм беккем еркине байланыслы. Н., “Қарақалпақстан”, 2004.

Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократиялаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Т., “Ўзбекистон”, 2005.

«Миллий ғоя тарғиботи ва маънавий-маърифий ишлар самарадорлигини ошириш тўғрисида» Ўзбекистон Республикаси Президентининг Қарори, 2006-йил 25-август. “Халқ сўзи” газетаси, 2006-йил 26-август

Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т., “Маънавият”, 2008.

Каримов И.А. Энг асосий мезон – ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш. Т., “Ўзбекистон”, 2009.

Каримов И.А. Адабиётга эътибор – маънавиятга, келажакка эътибор. “Халқ сўзи” газетаси, 2009-йил 3-июль

Каримов И.А. Өзбекстан Конституциясы – бизлер ушын демократиялық раўажланыўдың ҳәм пуқаралық жәмийет қурыўдың беккем тийкары. Өзбекстан Конституциясының 17 жыллығына бағышланған 2009-жыл 5-декабрдеги баянаты. Т., 2009.

Каримов И.А. Елимизди модернизациялаў ҳәм күшли пуқаралық жәмийет қурыў – ең әҳмийетли мақсетимиз. Олий Мажлистиң Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаттың қоспа мәжилисиндеги 27-январь 2010-жылдағы баянаты. Т., 2010.

**Қосымша әдебиятлар:**

Миллий ғәрезсизлик идеясы: тийкарғы түсиниклер ҳәм принциплер. Нөкис., “Қарақалпақстан”, 2001.

Миллий ғәрезсизлик идеясы. Оқыўлық. Жуўаплы редактор И.Эргашев. Қарақалпақ тилине аўдарғанлар ф.и.д. А.Бердимуратова ҳ.б. Нөкис, 2006

Миллий ғоя: тарғибот технологиялари ва атамалар луғати. Т., “Академия”, 2007

Маънавият: асосий тушинчалар. (изоҳли лўғати) Т., Ғафур Ғулом номидаги нашриёт, 2009

Фалсафа: қомусий лўғат. Т., “Шарқ”, 2004

Абилов Ў. Миллий ғоя, маънавий омиллар. Т., “Маънавият”, 1999

Базарбаев Ж. Миллий идея – бизиң идеямыз. Нөкис., “Билим”, 2003

Базарбаев Ж. Руўхыятымыз маржанлары ямаса үлгили ел үлкенини, көргенли ет өткенин қәстерлейди. Нөкис., “Билим”, 2008

Бабаев Х., Ғафуров З. Миллий истиқлол мафкураси ва тараққиёт. Т., “Янги аср авлоди”, 2001

Ибрагимов А., Султанов Х., Жўраев Н. Ватан туйғиси. Т., 1996

Исақов Б. Зиёлилик масъулияти. Т., “Маънавият”, 2008

Мамашокиров С., Тоғаев Ш. Эркин ва фаровон ҳаёт қурилишининг ғоявий-мафкуравий масалалари. Т., “Маънавият”, 2007

Миллий истиқлол ғояси: асосий тушинчилар, тамоиллар ва атамалар. (Изоҳли лўғат) Т., “Шарқ”, 1997

Назаров Қ. Миллий истиқлол ғоясининг асосий мақсад ва вазифалари. Т., “Янги аср авлоди”, 2001

Қуранов М. Мафкуравий тахдид ва ёшлар тарбияси. Т., “Академия”, 2008

Тураев Ш. Жамият тараққиёти ва миллий ғоя. Т., “Маънавият”, 2008

Руўхыйлық тийкарлары. Оқыў қолланба. Нөкис., “Қарақалпақстан”, 2009

Шодиев Ғ. Маънавият ва ёшлар. Т., 2008

Эркаев А. Тафаккур эркинлиги. Т., “Маънавият”, 2007

М.Якубов, М.Ю.Ибрагимов, С.Абаев. Руўхый жаңаланыў – келешекке айдын жол. Нөкис., “Қарақалпақстан”, 2002

Якубов М., Абаев С. “Авесто” – улыўма инсаный қәдрият. Нөкис., “Қарақалпақстан”, 2008

Сагиндиков Ж., Якубов М. Идеология, руўхый мийрас, тәрбия. Нөкис., “Билим”, 2001

Абаев С., Якубов М. Диний экстремизм ҳәм терроризмге қарсы гүрестиң мәнәўий-мәрипий тийкарлары. Нөкис., “Қарақалпақстан”, 2009